

VIL NEW YORK DEPATMAN KOREKSYON



LIV POU MOUN KI AN DETANSYON AK MOUN YO KONDANE

Kopi Komite Koreksyon ak Komisyon d Eta Vil New York
Nòm Minimal yo disponib nan tout Bibliyotèk Jiridik Etablisman an.

REVIZE 19/12

ENTWODIKSYON

Liv sa a ap enfòmè w sou plizyè pwogram ak sèvis ki disponib pou w pandan w an detansyon nan Depatman Koreksyon (DOC). Yo pibliye règ ou dwe suiv yo nan Règleman pou Moun ki an Detansyon (Individual in Custody Rulebook) an; ou ta dwe resevwa l ak liv sa a. Si ou pa t resevwa yon Règleman, ou bezwen enfòmè yon manm pèsònèl la kou sa posib.

Lè w rive nan yon etablisman Depatman Koreksyon (DOC), kou w parèt y ap ba w yon nimewo idantifikasyon DOC ki rele nimewo “Admisyon ak Dosye”. Y ap ba w yon idantifikasyon w ap bezwen gen sou ou toutan, yo dwe kapab wè l nenpòt lè ou kite zòn lojman w lan.

Yo ba w dwa pou w an sekirite nan prizon. Si w viktim menas oswa vyolans reyèl, oswa ou pa santi w an sekirite, oswa ou panse ou ka fè tèt ou mal, DOC gen mwayen pou ede w. Pou plis enfòmasyon li seksyon ki gen tit “**Sekirite ak Sèvis pou Viktim**”.

Byenke sekirite vini an premye nan etablisman DOC yo, Depatman an ofri plizyè pwogram ak sèvis enpòtan tankou sante, edikasyon, pwofesyon, travay, ak pwogram konsèy, ak posibilite pou w travay. Tanpri note yo pa ofri tout pwogram yo nan tout etablisman epi se pa tout moun ki kalifye pou tout pwogram yo. Si yon pwogram entèrese w, tanpri pale sa ak yon manm pèsònèl.

Entwodiksyon sa a se yon brèf apèsi sou kèk pwogram ak sèvis DOC ofri. W ap jwenn plis detay nan paj ki vin aprè yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan Biwo Pwogram etablisman w lan tou. Pou w ale nan Biwo Pwogram nan, mande Responsab Zòn Lojman w lan yon fich antretyen, ranpli fich la epi retounen l bay Responsab Zòn Lojman an.

APÈSI SOU PWOGRAM AK SÈVIS DOC

Edikasyon

Si w po ko gen 21 lane, sèvis edikasyon disponib pou ou. Gen kèk etablisman ki gen pwogram edikasyon pou elèv ki adilt ki gen plis pase 21 lane *you*. Pou plis enfòmasyon, li seksyon “**Sèvis Edikasyon**” ki nan liv sa a.

Evènman Familyal

Si gen yon evènman enpòtan nan fanmi w (tankou yon lanmò oswa yon maladi grav), si w swete marye oswa si w vle vizite pitit ou ki nan fanmi dakèy, ou kapab kontakte Konseye ki nan etablisman w lan. Pou plis enfòmasyon, li seksyon “**Evènman Familyal**” ki nan liv sa a. Pou plis enfòmasyon sou sèvis Konseye yo bay, li seksyon “**Sèvis Konsèy**” la.

Sèvis Medikal/Sante Mantal.

Ou kapab wè yon doktè oswa asistan l, yon pwofesyonèl sante mantal oswa yon dantis lè w enskri pou apèl pou deklare yon malèz. Nan ka ijans, mande Responsab Lojman w lan ede w pou w al wè doktè touswit. Si ou sewopozitif oswa ou vle al fè yon tès VIH volontèman, etablisman w lan gen yon Konseye VIH ki kapab ede w òganize w pou tès la oswa ede w jwenn medikaman. Pou plis enfòmasyon, li seksyon “**Sèvis Sante**” ki nan liv sa a.

Sèvis Relijye

Gen omonye ki gen konfesyon jwif, mizilman, katolik ak pwotestan travay pou Depatman an nan chak etablisman. Chak etablisman gen sèvis regilyèman pou tout kat (4) konfesyon yo. Si konfesyon w lan pa reprezante, mande pou w pale ak Omonye etablisman w lan epi y ap reponn demann ou ka genyen yo. Pou plis enfòmasyon, li seksyon “**Dwa Relijye**” ki nan liv sa a.

Bibliyotèk Jiridik

Ou gen posibilite pou w fè rechèch jiridik pandan w an detansyon an DOC. Chak etablisman gen yon Bibliyotèk Jiridik ou gen dwa pou w itilize de (2) èdtan pa jou, senk (5) jou pa semèn, de madi a samdi. Bibliyotèk Jiridik la gen kopi règ ak òdonans tribinal yo tou ki dekri dwa w nan prizon, ni Nòm Minimal Komite Koreksyon Vil New York, Nòm Minimal Komisyon Koreksyon Eta New York ak kèk enstriksyon DOC. W ap jwenn detay sou fason pou w ale nan Bibliyotèk Jiridik la, ni kòman pou w ale la ak ki lè w kapab ale nan seksyon “**Bibliyotèk Jiridik**” ki nan liv sa a.

Pwosesis pou Dolemans

Si w gen yon pwoblèm ki pa kapab rezoud aprè w fin pale ak Responsab Lojman w lan, Kapitèn sektè w la, Konseye w la, oswa Kowòdonatè Jiridik ou a, ou kapab prezante Kowòdonatè Dolemans nan etablisman w lan ki pral gide w nan etap pou debouche sou yon rezolisyon fòmèl yon plent alekri. Ou kapab depoze yon plent konsènan bagay ki afekte w dirèkteman tankou politik Depatman an, fason yo aplike politik sa yo oswa aksyon yon lòt moun, ni yon Responsab. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon **Pwosesis pou Dolemans** ki nan liv sa a.

Pwogram ak Planifikasyon pou Liberasyon

Depatman an ofri yon veritab pwogramasyon ak soutyen endividyèl pou prepare w pou w soti nan prizon nou an. Objektif pwogram ak soutyen sa yo se ede w vin gen nouvo konpetans, eksplòre nouvo enterè epi mete w an kontak ak rekou itil nan kominote w la. Ou ta dwe resevwa yon kopi Gid Reyensèsyon lè yo te admèt ou nan Depatman an. Resous sa a gen yon lis òganizasyon ki klase pa awondisman ki kapab ede w pou travay, lojman, alokasyon ak lòt domèn bezwen posib nan moman liberasyon w lan. Nan moman liberasyon w, w ap resevwa liv Koneksyon yo tou ki se yon gid itil pou resous kominotè. Si w pa t resevwa Gid Reyensèsyon an, mande Konseye Koreksyonèl ou a yon kopi. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon **Planifikasyon pou Liberasyon** ki nan liv sa a.

Nou espere liv sa a ap ede w antre an kontak ak sèvis ak pwogram Depatman an. Nou panse li gen enfòmasyon enpòtan ki ap kontribye nan sekirite w ak sekirite moun ki nan antouraj nou. Tanpri li liv sa a ak anpil atansyon epi si w gen kesyon, adrese w ak yon manm pèsònèl ki ann inifòm.

Kesyon Moun Poze Souvan: Men kèk kesyon yo poze souvan ak paj kote w ap jwenn repons pou kesyon sa yo nan liv la.

1. Kòman fanmi m oswa zanmi m kapab met lajan sou kont mwen? (14)
2. Konbyen fwa mwen kapab itilize telefòn mwen? (6)
3. Ki sa mwen kapab fè si mwen pa santi m an sekirite? (36)
4. Ki rad yo otorize m mete? Ki sa m pa kapab mete sou mwen? (7)
5. Ki atik yo otorize m gen avè m? (7)
6. Ki tip koli ak lèt yo otorize m resevwa? (21)
7. Èske gen moun ki li lèt mwen an avan m louvri l? (21)
8. Ki èd mwen kapab jwenn epi kilès pou m kontakte si m gen yon andikap (12)
9. Kisa mwen dwe fè si mwen gen yon andikap ki anpeche m antre nan douch? (12)
10. Èske gen yon pwogram disponib pou ede m prepare m pou lavi aprè prizon? (30)
11. Konbyen vizit mwen kapab resevwa nan yon semèn? (44)
12. Èske y ap fèmen m nan selil mwen pandan tout jounen? (16)
13. Èske mwen kapab travay sou dosye mwen an pandan mwen nan prizon? (10)
14. Èske yo otorize moun fimèn nan prizon an? (15)
15. Kisa yo konsidere kòm kontrebann? (Ale nan Règleman konsènan Moun ki an Detansyon)
16. Kisa ki kapab rive si yo kenbe m nan kontrebann? (Ale nan Règleman konsènan Moun ki an Detansyon)
17. Kisa ki kapab rive si yo bare m ak yon zam? (20)
18. Pou ki rezon yon moun resevwa yon avètisman alekri pou yon enfraksyon (lè l vyole yon règ Depatman an)? (Ale nan Règleman konsènan Moun ki an Detansyon)
19. Kisa ki kapab rive si m sibi yon enfraksyon? (Ale nan Règleman konsènan Moun ki an Detansyon)
20. Kikote m kapab achte manje oswa dezodoran oswa lòt atik epi konbyen fwa mwen kapab fè sa? (14)
21. Èske sa posib pou m benefisye yon rejim alimantè espesyal? (41)
22. Kisa m dwe fè si m santi m malad? (42)
23. Konbyen fwa yo bay lwazi deyò? (26)
24. Èske pitit mwen kapab vizite m nan prizon an? Èske pitit mwen ki nan Fanmi Akèy kapab vizite m pandan m nan prizon? (16)
25. Kòman pou m fè yon demann maryaj pandan mwen nan prizon? (26)
26. Èske mwen kapab asiste yon fineray yon manm fanmi m oswa vizite yon manm fanmi mwen ki malad anpil? (40)
27. Ak kilès mwen kapab pale si m gen yon plent? (32)
28. Kisa klasifikasyon sekirite m vle di? Kòman yo kapab klase yon moun ki an detansyon kòm yon moun ki sou “Wot Sekirite”? Èske gen fason pou chanje sa? (20)
29. Aprè m fin soti, kòman m ap fè pou m rekipere lajan m ak pwopriyete m? (31)
30. Èske m kapab asiste sèvis relijye regilyèman pandan m nan prizon? (13)
31. Èske mwen kapab travay pou m jwenn T.A.S.C. (G.E.D.) m pandan m nan prizon? (39)
32. Kòman m kapab fè demann liberasyon avan pèn mwen an pran fen? (24)
33. Kòman mwen kapab vote? (46)
34. Kòman mwen kapab fè pou m enskri pou travay pandan mwen nan prizon? (43)

SA KI NAN LIV LA

Nimewo Paj

ADRÈS AK NIMEWO TELEFÒN	6
APÈL TELEFONIK	6-7
ATIK YO OTORIZE	7-10
BIBLIYOTÈK JIRIDIK: DOKIMAN REFERANS JIRIDIK AK FOUNITI	10-12
DWA ANDIKAPE	12-13
DWA RELIJYE	13-14
EKONOMAT AK SÈVIS DEPO SOU KONT	14-15
ENTÈDIKSYON POU W FIMEN	15
FÈMAN ANNDAN AK FÈMEN DEYÒ	16
GAD TIMOUN AK FANMI AKÈY	16-17
IJYÈN PÈSONÈL	17
ITILIZASYON RADYO AK TELEVIZYON	17-18
KA YO SIVEYE SANTRALMAN	18
KONTAK MEDYA/LAPRÈS	18-20
KONTRENT RANFÒSE AK/OSWA ESTATI IDANTIFIKASYON WOUJ	20-21
LÈT (KORESPONDANS)	21-24
LIBERASYON SOU KONDISYON	24-25
LOJMAN AN DETANSYON PREVANTIF	25
LOJMAN SOU SIVEYANS RANFÒSE	25-26
LWAZI	26
MARYAJ	26-27
NETWAYAJ	27
PÈMAN KOSYON	27-28
PLANIFIKASYON POU LIBERASYON AN NAN INITE SANTE MANTAL	28-29
PREVANSYON SUISID	29-30
PWOGRAM GADRI	30
PWOGAN AK PLANIFIKASYON POU LIBERASYON	30-31
PWOPRIYETE	31-32
PWOSEDI POU DOLEYANS	32-35
SEKIRITE AK SÈVIS POU VIKTIM	36-39
SÈVIS EDIKASYON	39-40
SÈVIS KONSÈY	40-41
SÈVIS MANJE	41-42
SÈVIS SANTE	42-43
TRAVAY PANDAN W NAN PRIZON	43
TRETMAN SAN DISKRIMINASYON	43-44
VIZIT AVOKA	44
VIZIT	44-45
VOTE	46

ADRÈS AK NIMEWO TELEFÒN

Pi ba a gen adrès ak nimewo telefòn, nimewo Mesaj Vokal ak Telefòn Tèks ajans oswa moun petèt ou ta swete rankontre pandan w nan prizon.

- 311 NYC – (212) 639-9675
- Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children’s Services (ACS)) Sèvis Asistans Telefonik pou Paran ak Dwa Timoun, 212-619-1309
- Kowòdonatè Dwa Andikape (Disability Rights Coordinator (DRCI)) 75-20 Astoria Boulevard, East Elmhurst, N.Y. 11370, (718) 255-6475
- Pwojè Sosyete Èd Jiridk la sou Dwa Prizon, 199 Water Street, New York, NY 10038, (212) 577-3300
- Komite Koreksyon Vil New York, 1 Centre Street, Room 2213, New York, NY 10007, (212) 669-7900
- Liy Asistans Telefonik Anonim Depatman Koreksyon Vil New York (347) 669-4075
- Depatman Ankèt Vil New York (Enspektè Jeneral) (212) 825-5959
- Komisyon Koreksyon Eta New York, Alfred E. Smith State Office Building, 80 South Swan Street, 12th Floor, Albany, NY 12210, (518) 485-2346
- Biwo Konsiltan Konfòmite, 15 West 15th Street, High Impact Compound, Mercado Trailer, East Elmhurst, NY 11370, (718)728-6505
- Lwa sou Eliminasyon Kadejak (Vyòl) nan Prizon (PREA) (abi seksyèl ak pèsèksyon seksyèl) liy asistans telefonik (347) 204-0378

APÈL TELEFONIK

Ou kapab fè apèl telefonik pandan tout peryòd lè yo pa fèmen w nan selil ou. Ou kapab fè apèl ijan nan nenpòt moman ki rezonab. Si w dwe fè yon apèl ijan nan yon nimewo an deyò Etazini, ou kapab pran dispozisyon avèk pèsònèl konsèy etablisman an pou w fè apèl a frè vire sa a. Si manm pèsònèl sa yo pa disponib, ou kapab òganize apèl la pa entèmedyè omonye etablisman an.

Si w resevwa yon apèl telefonik ann ijans, y ap otorize w pran apèl la oswa y ap kite yon mesaj pou ou epi y ap otorize w tounen apèl la kou sa posib.

Yo otorize w resevwa apèl antran avoka w la(yo) sou dosye konsènan pwosedi sivil oswa penal ki ankou (ni apèl telefonik tribinal òdone) oswa y ap kite yon mesaj pou ou epi y ap otorize w tounen apèl la kou sa posib.

Y ap otorize tout moun ki an detansyon fè apèl pandan venteyen (21) minit an total, chak twa (3) èdtan, nan frè Depatman an, nan peryòd kote yo fèmen deyò selil yo pandan yo an detansyon. Yon fwa ou fin pran tout venteyen (21) minit tan apèl la, sistèm orè twa (3) è a ap kòmanse entèdi itilizasyon telefòn tanporèman. Yo bay (6) minit pou tout apèl nan 311.

Yo otorize moun ki an detansyon ki loje nan zòn Pinisyon Izòlman fè yon (1) apèl pa jou pandan kenz (15) minit maksimòm, sof lè w rele avoka w oswa biwo avoka w. Yo kapab limite dwa w konsènan apèl telefonik si Depatman an deside itilizasyon telefòn ou an kreye yon menas pou garanti oswa enstitisyon an, oswa w ap abize règlemantasyon telefonik ki ekri yo. Si Depatman an deside limite dwa w konsènan apèl telefonik, w ap resevwa yon desizyon alekri ki ekspoze fè ak rezon ki fè yo pran desizyon sa a.

Si w resevwa yon desizyon ki limite dwa w konsènan apèl telefonik, ou kapab pran rekou Komite Koreksyon Vil New York la kont desizyon sa a. Ou dwe ekri Komite Koreksyon an ak Direktè a oswa Kòmandan etablisman an pou w enfòmè yo sou entansyon w pou w pran rekou kont desizyon an. Remake, ou kapab depoze yon doleyans avan, men si w pran rekou Komite Koreksyon an, yo p ap pran doleyans ou an an konsiderasyon.

Depatman an kapab siveye epi/oswa anrejistre tout apèl pou sekirite, sof apèl ak avoka w oswa lòt apèl privileje. Pou yo pa siveye apèl ak avoka w oswa lòt apèl privileje, ou dwe bay Depatman an nimewo telefòn ki pa dwe sou siveyans, epi Depatman an ap verifye si nimewo sa yo se pou avoka oswa lòt moun ki gen kontak privileje avè w. Itilizasyon telefonik ou nan yon etablisman Depatman an enplike konsantman enplisit ou pou siveyans sa a.

ATIK YO OTORIZE

Tout moun yo plase an detansyon nan Depatman an dwe resevwa de (2) pòsyon rad depatman an (sa vle di de (2) chemiz ak de (2) pantalon) yo dwe mete tout jounen pandan tan y ap fè fèmèn nan etablisman an. Nan moman admisyon an, Depatman an ap bay chak moun ki an detansyon yon (1) pè soulye.

Yo otorize yon moun ki an detansyon k ap konparèt devan yon tribinal ak oswa devan yon jiri seleksyon oswa k ap asiste evènman famiyal enpòtan mete rad sivil. Depatman an ap konsève rad sivil moun ki an detansyon yo nan lòt sikonstans.

Tout sa yo ki loje nan yon sant Obsèvasyon Mantal (Mental Observation, M.O.). Yo pa otorize inite oswa moun ki prezante risk suicid (selon Pèsonèl Sante Mantal/Medikil) mete sentiwon, kòl, lasèt oswa lòt atik Pèsonèl Sante Mantal/Medikil detèmine ki ta ka prezante yon risk pou byennèt moun.

Atik Pèsonèl yo otorize nan zòn lojman an:

- 1 Wòb beny
- 2 Pè pijama
- 4 Pè chosèt
- 1 Pè chosèt pou douch (*ou kapab achte 1 nan ekonomat la sèlman)
- 4 je souvètman
- 1 Penwa (pou Fi sèlman)
- 2 Chemiz de nui (pou Fi sèlman)

1 Pè bòt (Detay sou Travay yo Bay Fè a Sèlman *Depatman an bay sèlman – sèlman pou moun ki nan konstriksyon, refektwa, oswa kad ki gen travay espesyal).

1 Pè linèt sou preskripsyon (klinik la dwe verifye l, li dwe jenerik, se pa monti ki gen mak, pèsònèl medikal la kapab met restriksyon pou moun ki an detansyon ki loje nan inite obsèvasyon mantal).

Y ap itilize Atik Pèsònèl y ap sekirize nan pwopriyete w pou lè w ap konparèt devan tribinal oswa lè gen evènman famiyal enpòtan sèlman:

1 Sentiwon (ki pa elastik, lajè 1 ½ pous maksimòm, ti bouk, 2 ¼ pous maksimòm) – Yo pa otorize l pou moun ki an detansyon ki nan inite Obsèvasyon Mantal

4 Kòsaj/chemiz (ki pa tip inifòm, ki pa blan, ki ble fonsè oswa kamouflay)

1 Vès/kostim (ki pa tip inifòm, ki pa blan, ki ble fonsè oswa kamouflay)

4 Pè pantalon/pantalon drive (ki pa ble fonsè, blan, kamouflay oswa tip inifòm)

1 Pè Soulye

1 Pè tenis

2 Pè lasèt – Yo pa otorize l pou moun ki an detansyon ki sou Obsèvasyon Mantal

1 Kòl (ki pa nwa) - Yo pa otorize l pou moun ki an detansyon ki sou Obsèvasyon Mantal

4 Rad

4 Jip (ki pa ble fonsè oswa tip inifòm)

4 Pè ba, kolan oswa badechè (oswa konbinezon yo kat (4) la)

Nan moman admisyon nan gadavi DOC, y ap mete tout lòt atik pèsònèl an sekirite nan pwopriyete w nan moman nouvo pwosedi admisyon an epi y ap remèt ou yo aprè liberasyon w nan gadavi DOC, sof si w chwazi retounen atik la(yo) lakay ou oswa debarase avè l nèt.

Atik Twalèt – Yo dwe achte yo nan ekonomat la. Yo endike kantite yo otorize yo pi ba a:

10 pastiy kloraseptik

1 dezodoran

1 inite krèm razaj

1 krèm

1 bidon chanpou

1 bidon rens

7 ba savon (oswa sa depatman an bay)

2 sachè kotèks (RMSC SÈLMAN – oswa sa depatman an bay)

1 adezif pou fo dan

2 pat dantifris (oswa sa depatman an bay)

1 bwòs dan (depatman an bay sèlman)

Lenj, dra ak lòt atik Depatman an bay

1 matla ki kouvri ak yon fouwo ki pa kapab pran dife.

Kouvèti (kantite ki ase pou asire konfò ak chalè)

1 Zòrye (ki gen yon fouwo ki pa kapab pran dife)

- 1 Tèt zòrye
- 2 dra)
- 2 Sèvyèt beny
- 1 Gan pou foubi kò

Atik Pedagojik (yo kapab voye yo nan koli)

- 6 kreyon desen ki fèt ak chabon fen
- 3 Kaye Konpozisyon
- 2 Gòm (gòm oswa lank)
- 6 blòk nòt (desen, jiridik ak ekriti)
- 6 Kreyon (san gòm, ni pyès metalik)
- 1 Règ (ki pa metal epi ki pa gen sou kote metalik)
- 1 Blòk Papyè Ekriti

Piblikasyon

Ou kapab gen jiska 1 pye kib (12" X 12" X 12") dokiman enprime ki pa legal, tankou liv ki gen kouvèti soup epi ki di, magazin, jounal, peryodik, bwochi, piblisite ak lòt atik enprime nan nenpòt konbinezon. Yo dwe konsève atik sa yo yon fason ki òdone pou evite risk pou sante ak risk pou dife pran. Yo pa limite kantite dokiman jiridik ou kapab genyen. Lè espas la limite nan yon selil, yo dwe jwenn yon metòd altènatif pou konsève dokiman jiridik yo an tout sekirite yon lòt kote nan enstitisyon an, sof si yon moun ki an detansyon dwe gen aksè nan dokiman sa yo regilyèman.

Atik Lwazi

- 2 Je sosyete (depatman an bay sèlman)
- 1 Bwat domino (depatman an bay sèlman)
- 1 Je kat ki pa plastifye (ekonomat oswa depatman an bay sèlman)

Foto

Yo kapab kole foto sou biwo yo, akondisyon yo pa kole ak pat oswa nenpòt lòt materyo ki kapab atire ensèk ak wonjè. Yo pa dakò yo afiche foto toutouni kote ki vizib pou moun k ap pase devan selil ou a oswa kote w ap viv la wè l. Yo entèdi moun fè foto (tip polawoyid).

Atik Manje

Sèl manje ou kapab konsève nan zòn lojman w se atik ou achte nan ekonomat la. Ou dwe konsève tout manje w nan bokit Ekonomat. Fè atansyon pou w pa konsève manje depase dat ekspirasyon yo, oswa kite yo louvri twò lontan pou yo pa gate oswa atire ensèk oswa wonjè.

Divès Atik

YO KAPAB VOYE YO NAN KOLI

1 Almanak

SA YO PA OTORIZE NAN KOLI:

- 1 Tas (depatman an bay sèlman)
- 10 Anvlòp (ou kapab achte yo nan ekonomat la sèlman)
- 10 Kat Swè (ou kapab achte yo nan ekonomat la sèlman)
- 6 Pil “AA” (ou kapab achte yo nan ekonomat la sèlman)
- 1 Radyo/Kas (ou kapab achte l nan ekonomat la sèlman)
- 1 Eponj (depatman an bay sèlman)
- 3 Kivèt (2 pou antrepozaj, 1 pou netwayaj, depatman an bay sèlman)

Depatman an bay liy ak detèjan pou lave rad epi pou mete yo sèch. Yo pa dwe mete liy a dispozisyon moun ki an detansyon nan Inite Obsèvasyon Mantal oswa moun yo konsidere ki prezante risk suisid.

Atik Relijye

Ou kapab mete epi posede atik relijye epi mete yo sou ou tankou rad ak chapo, akondisyon atik sa yo pa menase sekirite etablisman an. Atik sa yo se kapab: Tefilin, Kufi, Yarmulke, Tsalot-Kob, Fèz ak lòt kouvrefe relijye, bijou/chèn relijye ak tèks relijye.

BIBLIYOTÈK JURIDIK: DOKIMAN REFERANS JURIDIK AK FOUNITI

Y ap bay tout moun ki an detansyon ki pa kapab ale nan Bibliyotèk Jiridik la oswa ki pa gen aksè nan yon kyòs yon endèks referans Bibliyotèk Jiridik. Sof si w nan Elmhurst Hospital Prison Ward, prizon w lan gen yon bibliyotèk jiridik konplè ki gen dokiman rechèch ak dokiman referans ki ajou, fòm jiridik vyèj, yon machin fotokopi, papyè ak machin pou ekri. Elmhurst Hospital Prison Wards gen yon ti bibliyotèk jiridik. Si w bezwen dokiman ki pa nan ti bibliyotèk jiridik la avan w retounen nan yon etablisman ki gen yon bibliyotèk jiridik konplè, mande responsab ti bibliyotèk jiridik la èd. Anplis, yo kapab pwograme yon kowòdonatè jiridik nan youn nan Bibliyotèk Jiridik konplè yo pou l ede w si w bezwen yon èd kon sa.

Olye dokiman enprime, DOC enstale kyòs ki bay aksè elektwonik pou menm dokiman jiridik ki nesèsè yo apati lektè òdinatè ki nan Bibliyotèk Jiridik la. Y ap bay tout moun ki an detansyon oswa kondane ki pa kapab ale nan Bibliyotèk Jiridik la yon endèks referans Bibliyotèk Jiridik.

Yon kowòdonatè jiridik sivil ki fòmè jere bibliyotèk jiridik la pou ede w jwenn dokiman jiridik ou bezwen. Depatman an ap fè tout efò rezonab pou l bay tout moun ki an detansyon

ki reprezante kòm moun k ap plede pou tèt yo nan tribinal resous ki pa disponib nan Bibliyotèk Jiridik la.

Ou kapab pase omwen de (2) èdtan pa jou nan bibliyotèk jiridik la lè bibliyotèk jiridik la louvri (madi a samdi). Y ap rele w nan bibliyotèk jiridik la lè se jou pa zòn lojman w lan. Y ap toujou afiche yon kopi orè bibliyotèk jiridik la nan chak bibliyotèk jiridik prizon an ak nan tout zòn lojman.

Yo bay tout sèvis Bibliyotèk Jiridik yo gratis. Ou gen aksè nan plizyè kalite dokiman referans, fòm jiridik yo itilize souvan, machin pou tape pou prepare dokiman jiridik ak kopi dokiman jiridik ilimite. Anplis, avoka w la kapab kòdone ak Divizyon Jiridik DOC la kounya pou mete dokiman yo dekouvri ki estoke elektwonikman yo a dispozisyon w nan Bibliyotèk Jiridik la. Y ap otorize w jwenn aksè nan enfòmasyon sa a ki sou laptòp yon Bibliyotèk Jiridik yo ba ou pandan sesyon w nan Bibliyotèk Jiridik la.

Ou kapab mande plis tan nan bibliyotèk jiridik la. Si w mande sa w ap jwenn tout tan w vle depi espas la pèmèt sa sof si w pa t prete atansyon a yon avètisman avan ki mande w pa abize de bibliyotèk jiridik la. Sa yo ki gen yon bezwen imedya pou plis tan, pa egzanp akòz yon delè jidisyè k ap apwoche ap bezwen plis tan nan bibliyotèk jiridik la.

Pou w mande pou w ale nan bibliyotèk jiridik la ou dwe enskri pandan peryòd ou fèmen anndan selil ou a. Lè w mete non w nan fèy enskripsyon Bibliyotèk Jiridik la, nan pwochen jou bibliyotèk jiridik la louvri a w ap enskri nan bibliyotèk jiridik la.

Si w rate peryòd bibliyotèk jiridik la ou a ki pwograme regilyèman akòz yon konfli lejitim ak yon lòt aktivite enstitisyonèl, pwosedi medikal oswa jiridik, w ap kapab ale nan bibliyotèk jiridik la aprè sa pandan de (2) èdtan nesese nan menm jou a oswa nan pwochen peryòd rapèl la.

Ajan Koreksyon ki nan zòn lojman w lan ap enfòm w lè se moman pou w ale nan bibliyotèk jiridik. Si w la pandan anons lan fèt la ou pa reponn oswa w chwazi pa ale, yo p ap gen dwa pou yon rapèl.

Si w retounen nan zòn lojman w aprè w sot nan tribinal, aprè yo fin rantrè fèy enskripsyon bibliyotèk jiridik la (sa vle di aprè minui), epi w mande ajan zòn lojman w lan pou w ale nan bibliyotèk jiridik la nan demen, y ap otorize w ale pwochen jou bibliyotèk jiridik la louvri a, kòm si w te siyen fich enskripsyon an.

Chak bibliyotèk jiridik gen yon asistan jiridik ak yon daktilograf kalifye ki toude se moun ki an detansyon ki kapab ede w prepare dokiman jiridik; kèk nan yo pale panyòl. Ou kapab enskri nan kou rechèch jiridik lè y ap bay li tou. Y ap ba w yon sètifika rechèch jiridik nan fen kou a.

Si w pa respekte règ bibliyotèk jiridik yo, si w deranje fonksyonman òdone bibliyotèk jiridik la oswa si w itilize bibliyotèk jiridik la nan objektif ki pa travay jiridik, yo kapab mete w

deyò nan bibliyotèk jiridik la pou tout rèz peryòd etid la. Yo kapab entèdi w gen aksè nan bibliyotèk jiridik la tou pou yon peryòd ki pi long.

DWA ANDIKAPE

Si w se yon andikape, yo kapab ba w dwa pou w resevwa èd Depatman Koreksyon an, ak aranjman rezonab pou ede w fè aktivite chak jou yo. An rezime, lwa a prevwa yo pa dwe ekskli okenn andikape nan patisipasyon yo nan yon sèvis, pwogram oswa yon aktivite, refize l avantaj oswa diskrimine l.

Pa egzanp, Depatman Koreksyon New York la bay Telefòn Tèks (TTY) oswa Sèvis Relè Videyo (VRS) pou asire l moun ki gen difikilte pou tande jwenn aksè egalego nan apèl telefonik tou. Gen èd disponib tou sou fòm dokiman ekri an gran karaktè oswa an Bray, oswa bann odyo pou moun ki wè twoub oswa ki avèg. Gen èd disponib tou pou moun ki gen lòt andikap tankou difikilte pou deplase ki kapab mande yo itilize beki, baton, chèz woulant oswa lòt dispozitif èd.

Si w ta renmen aprann plis epi/oswa ou swete mande yon aranjman pou yon andikap, ou kapab:

- Enfòmè Ajan Akèy la ou gen yon andikap epi/oswa ou mande yon aranjman.
- Enfòmè nenpòt Ajan, Konseye Sèvis Sosyal oswa Doleyans, oswa pèsònèl Pwogram nan k ap refere w bay Kowòdonatè Dwa Andikape pou Moun ki an Detansyon (Disability Rights Coordinator for Individual's in Custody (DRCI)).
- Ekri DRCI yon lèt pou w kontakte l dirèkteman nan adrès Health Affairs, 75-20 Astoria Boulevard, East Elmhurst, N.Y. 11370, Attn: Kowòdonatè Dwa Andikape pou Moun ki an Detansyon, oswa lè w rele nan (718) 255-6475.
- Enfòmè pèsònèl medikal nan klinik lan ou kapab gen yon andikap epi bezwen èd pandan w an detansyon nan DOC. Remake, yo pwoteje tout enfòmasyon medikal pou vi prive w.
- Rele 311 si w gen demann oswa enkyetid konsènan andikap ou a.

An Konfòmite ak Enstriksyon 3802R-A “Pa dwe gen Diskriminasyon kont Andikape ki an Detansyon”, w ap resevwa yon akize resepsyon pou demann ou an nan 5 jou travay aprè DRCI fin resevwa demann oswa enkyetid ou a. DRCI ap egzamine demann oswa enkyetid ou a epi y ap kominike w yon desizyon alekri epi/oswa an pèsòn nan 10 jou travay. Si w pa dakò ak desizyon an, ou kapab pran rekou Komisè Adjwen Afè Sanitè a oswa reprezantan yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri li Enstriksyon 3802R-A, oswa afich sou Dwa Andikape yo ki afiche nan etablisman w lan. Kopi Enstriksyon sa a disponib nan Bibliyotèk Jiridik la, ak nan lòt zòn nan etablisman an.

An konfòmite ak Lwa sou Eliminasyon Kadejak nan Prizon (PREA), y ap ba w posiblite tou pou w konprann tout enfòmasyon nesèsè pou w fè prevansyon kont abi seksyèl ak pèsèkasyon, pou w detekte l epi rapòte l.

Si w gen kesyon oswa enkyetid, tanpri adrese DRCI dirèkteman.

DWA RELIJE

Yo otorize w gen nenpòt kwayans relijye epi pou w yon manm nenpòt gwoup oswa òganizasyon relijye. Yo pa otorize w:

1. Eseye kontrenn yon lòt moun ki an detansyon pou l vin manm yon gwoup oswa òganizasyon relijye;
2. Eseye konvenk yon lòt moun ki an detansyon pou li pa egzèse kwayans relijye l;
3. Enfliyanse yon lòt moun ki an detansyon pou l sispann manm nenpòt gwoup oswa òganizasyon relijye.

Pandan peryòd kote ou pa anndan selil ou, yo otorize w rankontre omonye ki nan etablisman an, an konfòmite ak pwosedi enstitisyonèl yo. Omonye ki nan etablisman w lan reprezante kat (4) prensipal gwoup relijye: Katolisism, Judayism, Islam, Pwotestantism. Si konfesyon w lan an patikilye pa sou lis la, pale ak yon Omonye k ap ede w. Omonye yo disponib pou bay enstriksyon relijye, konsèy espirityèl, oryantasyon pou sèvis transisyon ak planifikasyon liberasyon. Gen yon afich ki gen orè chak sèvis *relijye* ki disponib nan zòn etablisman w lan. Lè w fenk antre nan Depatman an, y ap mande w ki relijyon w pou Depatman an kapab rann li fasil pou w obsève relijyon w. Kou ou idantifye tèt ou kòm moun ki fè pati yon relijyon an patikilye, y ap otorize w asiste sèvis relijye pou relijyon espesifik sa a sèlman. Si w vle chanje oswa adopte yon afilyasyon relijye, ou dwe soumèt yon fich antretyen oswa mande Responsab zòn lojman w lan pou l kontakte Omonye relijyon w swete a pou ou. Omonye a ap entèwoje w epi swa li apwouve demann lan oswa li rejte l. Si li rejte demann lan, y ap ba w rezon refi a alekri.

Nan ka kote preferans relijye w pa reprezante nan kat (4) prensipal gwoup konfesyon yo; katolisism, judayism, islam ak protestantism, fè Omonye Administratif etablisman w lan yon demann pou w resevwa yon vizit konseye pastoral avèk klèje konfesyon w lan epi Omonye Administratifk la ap jwenn apwobasyon ki nesèsè a. Sèvis klèje dwe dire inèdtan. Y ap otorize w asiste sèvis relijye avèk moun ki loje nan inite popilasyon jeneral, sof si yo twouve ou reprezante yon menas pou garanti ak sekirite prizon an, avèk pwobabilite pou w deranje sèvis la. Si w pa t endike gwoup konfesyonèl ou nan moman admisyon w lan, yo p ap otorize w asiste sèvis relijye jiskaske ou adopte yon relijyon apati pwosesis ki mansyone pi wo a.

Si Depatman an deside ou pa kapab asiste sèvis relijye avèk moun ki an detansyon nan popilasyon jeneral la, y ap ba w rezon an nan omwen 48 èdtan avan sèvis yo pwograme a.

Si Depatman an jwenn enfòmasyon ki fè li deside ou pa kapab asiste yon sèvis relijye nan mwens 48 èdtan avan yo pwograme sèvis la, w ap resevwa avi a nan mwens 48 èdtan avan sèvis la. Ou kapab pran rekou Komite Koreksyon an kont desizyon an.

Yo ba w dwa pou w mande reyegzamen chak semèn epi pou w prezante deklarasyon alekri pou kore pozisyon w lan. Direktè a ap egzamine demann ou an epi w ap resevwa yon repons alekri.

EKONOMAT AK SÈVIS DEPO SOU KONT

Etablisman w lan gen yon sèvis ki rele yon “ekonomat” kote ou kapab achte bagay tankou savon, pat dantifris, dezodoran, manje, ji ak papyè lèt. Ou kapab wè yon echantyon nan chak pwodui ou kapab achte ki afiche nan zòn ekonomat la. Yo afiche yon orè ekonomat la nan zòn lojman w lan, epi yo afiche yon lis pwodui disponib nan ekonomat la. Si yo konvoke w nan tribinal nan jou ekonomat pa w la, yo kapab “rele w bak”, sa vle di: yon lòt lè pou w ale nan Ekonomat la lè etablisman w lan kapab planifye pou w ale. Gade orè ki afiche a pou w wè ki jou ak ki lè zòn lojman w lan ale nan ekonomat.

Si w nan yon zòn lojman espesyal, sa ka rive yo pa otorize w ale nan ekonomat la ou menm. Nan ka sa a, w ap ranpli yon fòm ekonomat nan zòn lojman w lan epi y ap livre pwodui ou kòmande yo nan zòn lojman w lan.

Pou w peye atik sa yo, w ap gen yon kont ekonomat ki se fon posesyon w nan moman ou enskri nan etablisman an, fon zanmi oswa manm fanmi w depoze ak fon ou fè nan travay nan yon pòs yo ba ou nan etablisman an. Kont ou an konsève sou yon nimewo admisyon ak dosye nan biwo kesye etablisman w lan. Si yo transfere w nan yon lòt etablisman anndan Depatman an, lajan w lan pral jwenn ou nan nouvo lokal ou a. Si lajan w lan pa sou kont ou aprè yo fin transfere w, kontakte yon manm pèsònèl Konsèy la pou suivi.

Zanmi w ak fanmi w kapab depoze lajan sou kont ekonomat w la, swa lè yo vizite w, swa anliy gras ak Sèvis Rechèch Depatman an oswa pa lapòs. Yon vizitè kapab depoze lajan sou kont ou lè yo vizite w epi fon sa yo ap disponib pou w itilize nan pwochen jou a. Lajan yo voye pa lapòs dwe yon manda postal yo voye sou **(NON W)**. Yo aksepte tout tip manda pou tout valè jiska \$1,000. Nan moman livrezon an, y ap louvri lèt la devan w epi y ap enspekte l nan prezans ou. Ajan postal la ap ba w yon resi kòm prèv ou te resevwa lajan epi yo te depoze l sou kont ou. Lajan yo voye kòm yon manda postal ap disponib pandan 5 jou travay aprè w fin resevwa l.

Pandan tan lojman w nan yon etablisman DOC, y ap touche pou kèk sèvis tankou koupe cheve apati kont Ekonomat w la. Si w pa gen fon sou kont ou, ou kapab toujou resevwa sèvis la, men y ap note yon frè sou kont ou. Lè yo depoze fon sou kont ou, y ap touche frè pou sèvis anvan an dabò epi l ap soti sou depo w la. Frè sa yo ap rete sou kont ou jiskaske yo touche pou yo, menm si ou kite yon etablisman DOC.

Sèvis Depo

DOC la pran dispozisyon ak plizyè ajan transfè lajan pou yo aksepte depo pou kont moun ki an detansyon nan DOC. Olye pou zanmi w ak manm fanmi w vin nan youn nan kès yo, yo kapab itilize sèvis sa yo. De (2) ajan ki bay sèvis sa yo se JPay ak Western Union.

Metòd pou Fè Depo

Tou depan de ajan an, ou kapab fè depo anliy oswa pa telefòn, nan yon gichè oswa ou kapab itilize yon kyòs nan youn nan kès DOC yo. Moun k ap fè depo yo dwe kapab bay non ak siyati moun ki an detansyon an ansanm ak nimewo admisyon ak dosye yo.

	<i>JPay</i>	<i>Western Union</i>
Depo anliy: kat kredi oswa debi	Disponib	Disponib
Depo pa telefòn: kat kredi oswa debi	Disponib	Disponib
Gichè: kat kredi oswa debi, lajan kach	Disponib	Disponib
Kès kyòs: lajan kach sèlman	Disponib	TBD

Frè

Gen frè pou tout sèvis depo. Frè a varye de yon ajan a yon lòt.

Enfòmasyon pou Pran Kontak

DOC pa rekòmande yon ajan parapò ak yon lòt. Si yon moun swete itilize youn nan de (2) ajan yo pou depoze fon sou kont ou, ou kapab ba yo enfòmasyon kontak pi ba a.

	<i>JPay</i>	<i>Western Union</i>
Nimewo Telefòn	(800) 574-JPAY	(800) 634-3422
Adrès sit entènèt	www.jpays.com	www.westernunion.com

ENTÈDIKSYON POU W FIMEN

Yo entèdi tabak ak pwodui ki gen rapò ak tabak tankou dispozitif elektwonik pou distribisyon nikotin nan tout etablisman Depatman Koreksyon. Si yo jwenn ou ak tabak oswa pwodui ki gen rapò ak nikotin, y ap mete w sou mezi disiplinè epi li posib pou fè arete w.

Pwodui ki gen rapò ak tabak se atik tankou sigarèt, siga, tabak pou sigarèt, tabak an poud, avèk materyèl ekleraj tankou alimèt oswa brikè.

Si w soufri mank nikotin (maladi oswa malèz paske w pa kapab fimen sigarèt), ou kapab siyen nan fèy apèl pou deklare yon malèz chak jou a ki nan zòn lojman w lan pou w jwenn sèvis medikal ak/oswa konsèy. Pèsonèl medikal la petèt kapab ba ou yon patch nikotin ki kapab ede w sevre l.

FÈMAN ANNDAN AK FÈMEN DEYÒ

(Moman kote yo otorize w antre oswa soti nan selil kote yo mete w la).

Si w pa nan sitiasyon pinisyon izòlman, miz an sekirite, ESH, vewouyaj, izòlman medikal oswa tout lòt zòn sekirite ranfòse kote peryòd vewouyaj yo depase dire detansyon moun nan popilasyon jeneral la, yo p ap fèmen w nan selil ou sof pandan peryòd sa yo:

- **Peryòd pou yo fèmen w anndan selil ou lannuit ki kòmanse a 9 p.m. epi ki fini a 5am.**
- **Peryòd pou fèmen w anndan selil pandan lajounen an se de 7 a.m. a 8 a.m. ak de 3 p.m. a 4 p.m.**
- **Remak: y ap rekonte w chak fwa yo pa kapab verifye dekont entitasyonèl la sa ki kapab pwolonje tan w ap pase fèmen anndan selil ou. Sa nesèsè pou garanti ak sekirite tout etablisman ak nan tout Depatman an.**

GAD TIMOUN AK FANMI AKÈY

Kesyon sou Gad Timoun ak Vizit nan Fanmi Akèy

Menmsi w nan prizon, li toujou posib pou w planifye avni pitit ou aktivman nan enplike w nan dosye fanmi akèy li epi nan rete an kontak ak asistans sosyal la.

Si pitit ou a nan fanmi akèy, ou gen dwa:

- Pou yo enfòme w de pwochen dat Tribinal Fanmi an
- Pou w konparèt nan tout pwosedi Tribinal Fanmi
- Pou w desiyen yon avoka pou reprezante w nan pwosedi devan Tribinal Fanmi konsènan dosye fanmi akèy ou a
- Pou w gen vizit chak mwa ak pitit ou a sof si Tribinal la pran yon desizyon ki kontrè. Administrasyon pou Sèvis Timoun ak asistan sosyal nan Fanmi Akèy aranje vizit sa yo chak semèn. Mande Konseye w la pou l ede w kontakte asistan sosyal ou a.

Si w gen yon pwochen randevou nan Tribinal Fanmi:

Jij Tribinal Fanmi yo dwe bay Depatman Koreksyon (DOC) an yon “Lòd pou Konparèt” pou asire ou kapab konparèt nan tribinal. Kèk fwa sa pa rive – menm si tribinal la pa bay DOC yon lòd, ou kapab toujou pran pwòp mezi pèsònèl ou pou w asire ou ale nan tribinal la.

Kou sa posib, ou kapab:

- Pale ak avoka w la, asistan sosyal pitit a ou ak Konseye w la pou w mande pou w konparèt.
- Ekri Jij Tribinal Fanmi w lan pou w mande pou w prezan nan tout randevou tribinal konsènan pitit ou a (ou kapab mande Konseye w la yon modèl lèt)

- Asire w yo voye *Lòd pou Konparèt* la bay Grefye an Chèf Rikers Island lan tou (ak nan Biwo Achiv Detni si ou nan yon Etablisman Piblik), **pa** ba OU. Si yo voye yon òdonans ba ou dirèkteman, li legalman initil. Ou kapab bay Konseye w la òdonans orijinal la; l ap remèt li bay Grefye an Chèf etablisman w lan. Aprè verifikasyon y ap tradui w an jistis.

Si ou vle plis enfòmasyon sou Kesyon Gad Timoun ak Fanmi Akèy:

- Rele ACS Office of Advocacy's Parents' ak Children's Rights Helpline a frè envèse (pou lòt moun lan peye pou apèl la): 212-619-1309

IJYÈN PÈSONÈL

Y ap mete dlo cho ak dlo frèt nan douch yo chak jou a dispozisyon w. Yo kapab mande w pou w douche peryodikman an konfòmite ak egzijans sanitè etablisman an.

Y ap ba w 1 gode, 1 bwòs dan ak 1 pat dantifris lè yo fenk fèmen w. Ou kapab achte plis atik pou ijyèn pèsonèl nan Ekonomat la. Si w pa gen lajan sou kont Ekonomat w, y ap ba w pwodui ijyèn DOC bay gratis nan zòn lojman kote yo mete w la.

Ou kapab raze chak jou nan zòn lojman w lan ak atik razaj Depatman an bay. Yo p ap otorize w itilize atik razaj si Depatman an te deside atik sa yo menase pwòp sekirite w oswa sekirite enstitisyon an.

Etablisman w lan bay sèvis kwafè ak/oswa estetisyèn soti lendi rive vandredi pou \$2 pa vizit. Ou kapab achte yon bon pou sèvis kwafè nan Ekonomat la. Si w pa gen lajan sou kont Ekonomat w la yo kapab toujou fè cheve w, men y ap retire pri koup la koute a sou kont ou lè w gen lajan sou li.

Konsilte orè ki afiche a pou w konnen nan ki jou ak ki lè zòn lojman w lan ap resevwa sèvis sa yo. Anplis orè abityèl ou, ou kapab mande yon koup nan jou travay chòp la avan w konparèt nan tribinal. Moun ki kapab itilize zouti kwafè ap koupe cheve w. Moun sa yo se kwafè ki gen otorizasyon, manm pèsonèl enstitisyon an, ak moun ki an detansyon, pou site sa yo sèlman, an konfòmite ak pwosedi sekirite etablisman an. Y ap kenbe zouti kwafè nan yon eta sekirite epi sanitè.

ITILIZASYON RADYO AK TELEVIZYON

Depatman an dwe garanti yon anviwònman kote bri òdinè a pa entèfere avèk aktivite nòmral moun oswa prezante yon menas pou sante oswa zòrèy. Yo kapab mande w bese volim yon radyo oswa televizyon.

Ou gen aksè nan televizyon nan sal lwazi a pandan tout peryòd yo fèmen w lan. Si n ap gade televizyon nan sal lwazi a, n ap deside antre nou ki pwogram n ap gade. Si nou pa kapab deside epi gen yon pwoblèm, Responsab la ap pran desizyon an nan plas nou.

KA YO SIVEYE SANTRALMAN

Si Depatman an estime yo ta dwe siveye w de prè pou fason yo atann w ap aji oswa fason lòt yo ap aji avè w, Depatman an ka idantifye w kòm yon Ka yo Siveye Santralman (Centrally Monitored Case, CMC) epi yo ka siveye mouvman w ni nan etablisman an ni pandan y ap transpòte w deyò etablisman an. Si yo idantifye w kòm yon CMC, yo ka ba w plis kontrent tou lè w ap deplase yon kote al nan yon lòt anndan etablisman an oswa deyò.

Lè yo idantifye w kòm yon CMC pou premye fwa, Depatman an ap enfòmè w de desizyon an nan 72 èdtan alekri. W ap resevwa yon fòm ki rele “Notifikasyon sou Detèminasyon CMC” k ap dekri rezon kifè yo idantifye w kòm yon CMC ak prè yo te itilize pou yo pran desizyon sa a. Fòm nan ap esplike kòman ou kapab pran rekou kont desizyon sa a si w chwazi fè sa.

Y ap reyegzamine dosye w la otomatikman chak 4 semèn.

Ou kapab pran rekou kont estati CMC w lan lè w ekri Biwo Chèf Sekirite a. Pa gen fòm nan objektif sa a. Nan moman w pran rekou a w ap toujou yon CMC. W ap resevwa yon desizyon alekri nan 15 jou aprè yo fin resevwa rekou alekri w la, wikenn ak jou ferye pa konte. Y ap met desizyon an nan yon fòm ki rele “Notifikasyon pou Desizyon sou Analiz Rekou”.

KONTAK MEDYA/LAPRÈS

Yo otorize w pale ak jounalis oswa medya, sa vle di pa nenpòt mwayen ki enprime oswa elektwonik pou transmèt enfòmasyon bay yon pati kèlkonk nan piblik la, ki se jounal, peryodik, liv oswa lòt piblikasyon, estasyon radyo ak televizyon otorize, ajans laprès, sèvis telegram, ajans laprès elektwonik, òganis medyatik oswa journalism ki baze sou entènèt ak medya sosyal; men se pa yo sèlman.

Yo otorize yon reprezantan medya ki prezante Depatman an pyès idantite yo mande medya a prezante jan yo endike sa pi wo a fè entèvyou avè w. Avan tout entèvyou, y ap mande w siyen yon fòm demann ak konsantman ki bay otorizasyon pou entèvyou a. Yo pa konte entèvyou ak medya nan kantite vizitè yo otorize w resevwa yo. Si w bay konsantman w pou yon entèvyou, ou dwe bay konsantman w pou entèvyou a alekri epi ou dwe voye fòm konsantman w lan bay yon responsab nan Inite Lojman w lan pou l prezante l bay Direktè etablisman w lan.

Yo defini “Reprezantan medya” konsa:

Reprezantan kalifye yon òganizasyon medyatik ki gen bòn fwa ak nenpòt asistan, manm ekipaj oswa asosye ki akonpaye yo epi ki prezante kalifikasyon valab pou afilyasyon yo ak medya oswa Komisè Adjwen pou Enfòmasyon Piblik (Deputy Commissioner for Public Information, “DCPI”) nan Biwo Enfòmasyon Piblik la (Office of Public Information, OPI). Kalifikasyon valab se kapab sa NYPD, fòs lòd Leta bay oswa yon pyès idantite òganizasyon medyatik ou reprezante a.

Tout detni ki mande yon entèvyou avèk yon reprezantan medya, filme oswa oral, dwe soumèt demann sa a alekri bay Kòmandan Etablisman an ak Biwo Enfòmasyon Piblik (OPI) la ansanm ak deklarasyon konsantman siyen ki nesèsè a. Avoka detni an ak/oswa paran l oswa responsab legal li dwe siyen konsantman sa a, si sa nesèsè (li sa ki di pi ba a). Yo ba w dwa pou w refize nenpòt demann entèvyou ak manm medya a oswa pou w refize patisipe nan yon vizit medya epi ou gen dwa pou w kanpe entèvyou a oswa patisipasyon w nan yon vizit medya tou nenpòt kilè pandan seyans entèvyou a oswa pandan vizit medya a. Biwo Enfòmasyon Piblik la ap pwograme epi otorize entèvyou ak medya a epi y ap fèt nan Zòn Vizit la oswa nan nenpòt lòt zòn Kòmandan Etablisman an ak OPI a bay.

Si ou se yon detni epi yon òdonans tribinal egzije pou yo egzamine w pou yo deside si ou merite jije, Depatman an p ap pwograme entèvyou ak medya a, sof si avoka w la dakò.

Sof akò kontrè, entèvyou yo ap dewoule sèlman nan jou ki pa gen vizit (lendi ak madi), sof jou ferye, epi yo chak p ap dire plis pase in èdtan ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m. P ap gen plis pase de (2) entèvyou medya pa detni chak semèn epi pa plis pase yonn (1) pa detni pa jou.

Si Depatman an dakò otorize yon entèvyou ak medya, Depatman an ap pran lè w konparè nan tribinal oswa sèvis obligatwa ou dwe asiste yo an kont epi l ap fikse randevou w la yon fason w pou w pa rate yo.

Yo kapab refize w aksè a, repwograme l oswa limite l si Depatman an detèmine vizit la p ap rezonab: l ap konpwomèt vi prive, garanti, sekirite, bon fonksyonman an, l ap deranje operasyon yo, l ap rann tach pèsonèl la lou, oswa l ap gen yon efè negatif sou detni yo. Yo pa dwe mete yon detni reprezantan medya a entèwoje sou mezi disiplinè Depatman an oswa fè l sibi nenpòt lòt aksyon defavorab paske l te patisipe nan entèvyou a oswa pou opinyon li eksprime ladann.

Si yo te limite entèvyou w la oswa demann pou entèvyou w la, yo te refize l oswa revoke l, ou kapab pran rekou Komite Koreksyon Vil New York la. Si w pran rekou, ou dwe ekri ni Komite Koreksyon an ni Direktè Etablisman w lan.

Pou plis detay sou politik aksè medya nan Depatman an, tanpri konsilte “Politik Aksè Medya nan Depatman Koreksyon Vil New York” ki disponib sou sitwèb Depatman an: nyc.gov/doc.

KONTRENT RANFÒSE AK/OSWA ESTATI IDANTIFIKASYON WOUJ

Estati Idantifikasyon Wouj

Si yo kenbe w ak yon zam oswa ou itilize yon zam pandan w an detansyon, oswa ou te itilize yon zam epi w blese yon moun nan etablisman DOC senk (5) dènye ane yo, y ap trete plasman w sou idantifikasyon estati WOUJ, idantifikasyon w ap chanje, y ap idantifye w kon sa epi y ap mete w sou plis kontrent lè w ap soti nan etablisman an, pa egzansp, lè w pral nan tribinal. Plis kontrent se kapab minote w devan oswa dèyè do, met gan pou ou, chèn nan ren ak fè nan janm.

Estati Kontrent Ranfòse

Si ou:

- agrese oswa atake manm pèsònèl oswa lòt moun ki an detansyon,
- vyolan yon fason ki debouche sou domaj materyèl epi ki ekspoze moun a risk domaj, oswa
- prezante yon konpòtman vyolan epi eseye agrese oswa atake pèsònèl oswa lòt moun ki an detansyon, plase moun sa a sou risk domaj reyèl swa pandan anprizònman oswa lè w te nan yon prizon Depatman an avan;

Lè y ap eskòte w soti yon kote rive nan yon lòt, y ap plase w sou kontrent ranfòse pandan w deyò inite w la.

Yon ajan siveyans dwe pran desizyon inisyèl pou plase w an sitiyasyon Idantifikasyon Wouj ak/oswa sou Estati Kontrent Ranfòse.

AVI: Yo dwe ba w yon avi alekri lè yo plase w swa sou Idantifikasyon Wouj oswa sou estati Kontrent Ranfòse pou premye fwa. Avi a dwe di w klèman pou ki rezon yo plase w sou estati sa a, epi di w yo ba w dwa pou yon Kapitèn Arbitraj enpasyal koute w nan 72 èdtan, sof nan wikenn ak jou ferye. Kapitèn Arbitraj la ap deside si prèv ak temwen ou swete yo apwopriye, sa vle di si yo pètinan epi yo pa repetitif an rapò ak lòt prèv oswa temwen. Si yo plase w sou kontrent ranfòse, avi a ap di w ki nivo kontrent y ap aplike. Nivo kontrent ranfòse yo se kapab chèn nan ren oswa fè nan janm epi se kapab kontrent pandan yon sèvis pwogram nan.

Si w panse desizyon pou kenbe w sou estati Idantifikasyon Wouj ak/oswa Kontrent Ranfòse a enjis, yo ba w dwa pou w pran rekou Direktè Adjwen Sekirite nan etablisman w lan kont desizyon an nan 21 jou aprè w fin resevwa desizyon an, oswa nenpòt lè si ou gen yon bon rezon ak fè pou apiye l, tankou nouvo prèv oswa yon chanjman sikonstans.

Yo konsève fòm rekou yo nan Bibliyotèk Jiridik la. Si w vle pran rekou, ou dwe ranpli fòm Rekou ki esplike pou ki rezon ou panse yo pa ta dwe plase w sou Idantifikasyon Wouj oswa sou estati Kontrent Ranfòse. Ou dwe depoze fòm ranpli epi agrafe a(yo) nan bwat klete ki make “Rekou kont Idantifikasyon Wouj/Kontrent Ranfòse” ki nan Bibliyotèk Jiridik la. Pèsònèl ki nan Biwo Sekirite prizon an ap pran sa ki nan bwat klete a chak jou soti madi rive vandredi.

Ou kapab prezante pi bon konpòtman ou kòm yon rezon pou yo retire w sou estati Idantifikasyon Wouj oswa Kontrent Ranfòse. Direktè Adjwen Sekirite a ap egzamine detay rekou w la ak tout enfòmasyon dokimante yo ak sikonstans ki lakoz plasman w lan. Direktè

Adjwen Sekirite a gen 7 jou pou l bay yon desizyon alekri aprè l fin resevwa rekou a. Ou dwe resevwa desizyon alekri a nan 24 èdtan sof nan wikenn ak jou ferye. Si w vle konteste desizyon Direktè-Adjwen an, ou kapab angaje yon pwosedi selon atik 78 devan Lakou Siprèm Eta New York.

Remak: - Yon pwosedi selon atik 78 (atik 78 Lwa Pratik Sivil ak Règ (CPLR)) se metòd ou kapab itilize pou w mande yon kontwòl jiridiksyonèl konsènan aksyon administratif. W ap jwenn fòm yo nan Bibliyotèk Jiridik la kote yon Kowòdonatè Jiridik ap ede w.

Ou dwe konsève yon kopi rekou a nan dosye w epi ou dwe voye yon kopi rekou a bay:

Biwo Konsiltan an Konfòmite a(The Office of Compliance Consultants (O.C.C.))
15 West 15th Street, High Impact Compound, Mercado Trailer
East Elmhurst, N.Y. 11370

Ou kapab fè kopi nan Bibliyotèk Jiridik la. Si ou nan Inite Santral Pinisyon Izòlman (Central Punitive Segregation Unit, CPSU), responsab Bibliyotèk Jiridik CPSU a kapab ba ou yon kopi fòm rekou a. Ou dwe bay responsab la fòm ki ranpli a. Responsab la ap mete fòm nan nan bwat klele ki nan bibliyotèk jiridik la. Y ap ba w yon kopi rekou w la.

LÈT (KORESPONDANS)

Yo otorize w voye lèt bay nenpòt moun epi resevwa lèt nan men nenpòt moun, sof si òdonans tribinal la limite lèt w ap voye oswa resevwa. Yo otorize w voye oswa resevwa valè lèt ou vle. Ou kapab ekri epi resevwa lèt nan nenpòt lang. Si ou wè twoub oswa ou avèg epi w bezwen èd pou w li lèt oswa ekri l, ou kapab mande yon volontè oswa yon moun ki an detansyon ki la pou sa ede w, oswa mande Responsab Lojman an desiyen yon moun ki an detansyon pou ede w.

Yo pa kapab louvri lèt ou voye ak lèt yo voye ba ou oswa li l si w pa la, sof si yon manda pèkizasyon legal otorize sa espesifikman. Men Depatman an ap enspekte lèt ou a, l ap santi l oswa pliye l san l pa louvri anvlòp la, menm si w pa la.

Si lèt ou a gen atik kontrebann (**atik yo entèdi nan prizon; gade lis atik kontrebann nan règleman w lan**), Depatman an ap di w men sa yo te jwenn, men li p ap otorize w gen atik la(yo). Depi atik la pa reprezante yon danje oswa li pa ilegal, ou kapab deside si w ap fè detui l, konsève l ak byen pèsònèl sekirize w, pran l bay yon òganizasyon charite eksteryè oswa peye pou yo tounen l bay moun ki te voye l la.

Pou w voye lèt, ou kapab achte tenm nan ekonomat a epi y ap pran lajan an sou kont ou.

Si w pa gen lajan sou kont ekonomat w, Depatman an ap ba w papyè lèt, anvlòp ak tenm òdinè premye klas pou tout lèt ki pou avoka, tribinal ak fonksyonè, ansanm ak lèt anplis pou chak semèn gratis. Si yo depoze lajan sou kont ou 7 jou aprè w fin resevwa papyè lèt gratis yo, y ap pran lajan an sou kont ou.

Ou dwe peye pou w voye lèt sètifye. Si yon lwa oswa règ oblije w voye lèt sètifye men ou pa gen lajan sou kont ou, Depatman an ap peye pou sa. Yon Ajan Koreksyon ap pran lèt sètifye k ap soti w la, epi l ap depoze l nan kòfrefò soti a epi y ap pran l aprè sa pou trete l.

Ou dwe met adrès ak so sou lèt ou vle voye a. Ou dwe met enfòmasyon sa yo anlè anvlòp la nan kwen agoch:

- Non ou,
- Nimewo admisyon ak dosye w, ak
- Swa adrès prizon w lan, swa adrès kote w rete a. Si w pa konn adrès etablisman kote w loje a, mande Responsab Zòn Lojman w lan.

Si w pa endike enfòmasyon yo bay pi wo a sou anvlòp la, Depatman an ap retounen l ba ou.

Pou w voye yon lèt pa lapòs, mete l nan bwat klete nan prizon w lan. Jan yo di sa pi wo a, ou kapab achte tenm nan ekonomat la.

Koli

Règ sa yo aplike pou tout etablisman sof pou sèvis ak avanpòs prizon lopital kote yo kapab limite kantite koli.

Règ sou Koli

Yo otorize w resevwa koli nenpòt moun epi voye koli bay nenpòt moun ni lòt moun yo anfèm ki an detansyon, sof bay anplwaye Depatman an oswa anplwaye nenpòt òganizasyon k ap travay ofisyèlman ak Depatman swen, gadavi ak kontwòl moun ki an detansyon.

Depatman an ap remèt ou koli w yo kou sa posib, men li p ap pran plis pase 48 èdtan pou l fè sa aprè l fin resevwa l.

Ou dwe peye pou voye koli bay moun deyò. Si w gen yon koli ou ta renmen voye, pote l nan sèvis lèt la, ajan sèvis lèt la ap mete l nan yon bwat, l ap peze l epi ou dwe bay Ajan an tenm ki nesèsè an fonksyon pwa koli a.

Depatman an p ap aksepte oswa p ap kite w voye koli kont ranbousman.

Depatman an ap egzamine koli yo pou l asire l pa gen anyen ilegal oswa ki reprezante yon danje ki antre oswa ki soti nan yon prizon.

Yo pa otorize w voye oswa resevwa koli ki gen bagay ilegal anndan l oswa bagay ki reprezante yon menas pou sekirite piblik oswa sekirite oswa byennèt prizon an oswa moun ki anndan l.

Presizyon sou Koli

Okenn koli y ap voye oswa resevwa pa kapab peze plis pase 15 liv. Tout koli dwe gen omwen 24 pous lajè, wotè 12 pous ak 24 pous pwofondè (4 pye kib).

Si yo voye yon atik règ Depatman an pa otorize ba ou, ou kapab chwazi bay yon òganizasyon charite l kòm don, fè detui l, konsève l avèk byen pèsònèl otorize w oswa peye pou yo tounen l bay moun ki te voye l la. Sa pa aplikab sèlman nan sitiyoasyon kote posede atik la ilegal oswa yo konsidere l kòm yon menas pou sekirite piblik oswa sekirite etablisman an. Ou dwe siyen yon rejis date pou w konfime fason w swete Depatman an trete koli a.

Yo pa otorize yo mete atik sa yo nan koli y ap voye bay moun ki an detansyon oswa nan koli moun ki an detansyon ap voye bay moun:

- Manje, engredyan boulanjri ak/oswa kizin
- Vitamin, konprime, nenpòt kalte medikaman
- Bwat nan fòm kanèt ki gen pati metalik
- Resipyan an metal, seramik oswa vè
- Resipyan tip ayewosòl
- Aparèy tip deklannchè
- Resipyan a pens
- Tout lòt atik Depatman an deside ki kapab menase sekirite prizon an oswa sekirite tout moun ki ladan l parapò ak kontni yo oswa fason yo fèt.

Koli Antran

Ou kapab resevwa koli pa Lapòs Ameriken oswa gras ak sèvis livrezon, oswa apati yon vizitè etablisman w lan nan lè yo mete pou vizit. Ou kapab resevwa koli nan lòt lè tou ak otorizasyon prizon w lan. Nan ka sa a, ou dwe ekri Direktè prizon an yon lèt epi mande l livrezon koli a.

Si w bezwen rad pou w konparèt devan tribinal nan demen, yo kapab livre w koli rad nan nenpòt lè ant 8 a.m.. rive 9 p.m. ak pandan lè siplemantè Depatman an jije ki apwopriye. Yo kapab livre w koli ki gen rad ki nesèsè pou w retounen nan tribinal oswa pou lòt ijans (pa egzanp yon Evènman Familyal Enpòtan) a kondisyon yo resevwa koli a nan lojman etablisman an omwen de (2) èdtan avan lè ou prevwa deplase a. Si w bezwen rad pou w konparèt devan tribinal, ou kapab mande responsab zòn lojman w lan pou l eseye wè si l ta jwenn rad pou ou. Li enpòtan pou w mande sa omwen de (2) jou avan w konparèt devan tribinal la.

Tout koli yo pote nan etablisman an pou ou dwe gen non ak adrès moun ki voye l la, non ak nimewo admisyon ak dosye moun k ap resevwa l la sou li byen klè.

Y ap fè epi bay yon resi apa pou chak koli yon vizitè vin livre li menm.

Si yo voye yon koli pou ou ki gen lèt ladan l, y ap louvri koli a, y ap enspekte l epi livre w li avèk lèt la. Si lèt la sele y ap louvri l an prezans ou. Men, si w mete lèt sele oswa ki pa sele

nan koli Lapòs Ameriken voye, sa kontrè ak règlemantasyon Sèvis Postal Ameriken epi yo kapab rapòte otorite postal yo sa.

Lè yo jwenn yon atik nan yon koli antran ki konsistite yon enfraksyon penal, y ap sezi l, y ap idantifye l epi transmèt li bay otorite konpetan an pou pousuit penal kont pati ki patisipe nan enfraksyon an si sa posib. Yo p ap retounen w atik sa yo.

Lè yo dekouvri yon atik yo pa otorize nan yon koli antran yon vizitè livre men ki pa enplike yon enfraksyon penal, y ap retire atik la(yo) epi y ap retounen l bay vizitè a. Lè yo livre koli a pa lapòs oswa gras ak yon sèvis livrezon, oswa vizitè a pa la, y ap mande w chwazi si w ap peye pou yo tounen atik la(yo) bay moun ki voye l la, si w ap konsève l(yo) ak byen pèsònèl sekirize w yo, si w ap pran l(yo) bay yon òganizasyon charite eksteryè oswa si w ap detui l(yo). Y ap antre tout tranzaksyon sa yo nan yon rejis pèmanan ki date epi ki verifye gras ak siyati w.

Lè yo resevwa yon koli aprè liberasyon w, yo p ap aksepte l, oswa y ap retounen l bay moun ki voye l la. Lè yo resevwa yon koli epi yo te transfere w nan yon lòt etablisman nan Depatman an, y ap mete lè ak dat sou li ala machin epi y ap voye l rapidman nan etablisman kote yo transfere w la.

Rekou

Si w swete pran rekou pou youn oswa plizyè atik yo retire, ou dwe pale ak Pwogram Règleman Doleyans pou Moun ki an Detansyon (Individual in Custody Grievance Resolution Program, I.G.R.P.) an. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w itilize pwogram sa a, li seksyon “**Pwosedid pou Doleyans**” ki nan liv sa a.

LIBERASYON SOU KONDISYON

Si w te resevwa youn (1) oswa plizyè pèn anprizònman definitiv pou yon enfraksyon ki jistifye, pou yon dire katreven-dis (90) jou oswa yon dire total ki plis pase katreven-dis (90) jou, ou kapab mande yon liberasyon sou kondisyon nan kominote a sou sipèvizyon aprè w fin pije omwen swasant (60) jou pèn nan, aprè konsiderasyon ak apwobasyon Komisyon Liberasyon sou Kondisyon Eta New York la. Ou dwe pije yon minimòm trant (30) jou nan pèn nan avan w fè demann pou Liberasyon sou Kondisyon Lokal (Local Conditional Release (LCR)).

Pou yo pran w an konsiderasyon, ou dwe ranpli yon demann alekri pou Liberasyon sou Kondisyon Lokal epi soumèt li bay Depatman Koreksyon Eta New York ak Sipèvizyon Kominotè (NYS DOCCS). Ou kapab jwenn yon demann nan Bibliyotèk Jiridik atablisman koreksyonèl kote w loje a. Li demann nan ak anpil atansyon pou w asire w ou konprann kondisyon liberasyon w lan ak obligasyon sou siveyans aprè liberasyon an trè byen.

Voye demann ou an pa lapòs nan:

Depatman Koreksyon Eta New York ak Sipèvizyon Kominotè – Atansyon:
Operasyon Sipèvizyon Kominotè
Bilding Kanmpis Eta Harriman nan #2
1220 Washington Ave
Albany, NY 12206-2050

Si w kalifye pou yo konsidere dosye w, yon anplwaye NYSDOCCS ap entèwoje w nan etablisman w. Prepare w pou w patisipe plènmàn nan entèvyou ak NYSDOCCS la epi pou w bay dokiman jidisyè, dosye pwobasyon ak enfòmasyon sou antesedan kriminèl sou demann. Si ajan an apwouve demann LCR ou a, Komite Liberasyon sou Kondisyon Eta New York la ap egzamine demann ou an. Y ap ba w yon kopi desizyon Komite Liberasyon sou Kondisyon an.

LOJMAN AN DETANSYON PREVANTIF

Depatman an jere Inite Lojman an Detansyon Prevantif pou loje moun pou pwòp pwoteksyon yo oswa pou garanti ak sekirite lòt moun.

Moun ki loje nan Inite Detansyon Prevantif ap resevwa tout sèvis lòt inite popilasyon jeneral la apa. Inite lojman an Detansyon Prevantif yo benefisye menm sèvis ak inite lojman popilasyon jeneral la, pa egzanp yo gen in (1) èdtan lwazi deyò, yon bibliyotèk jiridik, apèl pou deklare yon malèz, vizit, sèvis relijye, medikaman, lè pou fèmen anndan/fèmen deyò, eks. Si ou menm oswa Depatman an panse ou kapab bezwen yon lojman nan detansyon prevantif, y ap transfere w nan yon inite lojman an detansyon prevantif pandan Depatman an ap evalye bezwen w yo an matyè lojman. Y ap pran yon desizyon nan 2 jou travay oplita pou konnen si plasman sa a dwe kontinye ou pa. Si Depatman an deside lojman an Detansyon Prevantif lan nesèsè, y ap mande w si w asepte lojman sa a. Si w pa aksepte l, y ap ba w yon odyans. An fonksyon rezilta odyans lan, yo kapab mete w sou Detansyon Prevantif envolonètman epi loje w an konsekans.

Si yo detèmine plasman w lan dwe kontinye, Inite Operasyonèl pou Sekirite ak Ransèyman (Operations Security and Intelligence Unit, OSIU) yo ap egzamine plasman w sou detansyon prevantif nan 30 jou aprè yo te pran desizyon pou plase w sou detansyon prevantif la, epi aprè sa y ap fè l chak 60 jou.

LOJMAN SOU SIVEYANS RANFÒSE

Lojman sou Siveyans Ranfòse (Enhanced Supervision Housing (ESH)) se yon inite lojman pou moun ki an detansyon ki reprezante yon menas kredib pou sekirite etablisman an ak bon fonksyonman l sou baz done kontwòl sekirite ak enfòmasyon verifyab. Moun ki an detansyon ki loje nan ESH ap gen aksè nan pwogram ki la pou fasilite reyensèsyon, pou atake rezon

vyolans lan an pwofondè epi pou redui tan lib omaksimòm. Tankou kreye motivasyon pou bon konpòtman nan ESH, fè reyensèsyon pou moun yo mete nan ESH, epi bay aksè apwopriye ak pwogram ak tretman nesèsè. Pou plis enfòmasyon, ale nan seksyon 1-16 (“Lojman sou Siveyans Ranfòse”) nan Nòm Minimal Komite Koreksyon an.

Si w pa dakò ak desizyon pou kenbe w nan ESH, yo ba w dwa pou w pran rekou Direktè Adjwen ESH nan etablisman w lan kont desizyon sa a nan 21 jou aprè ou fin jwenn desizyon an. Ou kapab pran rekou a nenpòt lè si w gen yon bon rezon epi ou gen fè alapui, tankou nouvo prèv oswa chanjman sikontans. Pèsonèl ki ann inifòm ki nan inite ESH ou a kapab ba ou fòm rekou. Si w swete pran rekou, ou dwe ranpli fòm Rekou a ki esplike pou ki sa ou panse yo pa ta dwe kenbe w nan ESH. Ou dwe depoze fòm ranpli an nan bwat klete ki make “Rekou kont ESH” ki nan inite a. Pèsonèl Direktè Adjwen biwo ESH la ap pran sa ki nan bwat klete a chak jou soti lendi rive vandredi.

LWAZI

Y ap otorize w gen 1 èdtan lwazi pa jou. Gen lwazi 7 jou sou 7. W ap gen lwazi deyò sof lè tan an pa bon ditou. Yo kapab ba w tan lwazi oumenm sèl san w pa gen lòt moun ki an detansyon avè w, lè sa nesèsè pou sekirite enstitisyon an.

Yo kapab limite peryòd egzèsis ou lè yo detèmine kite w kontinye fè egzèsis ka prezante yon menas pou garanti prizon an, sekirite l, oswa bon fonksyonman l, oswa pou garanti nenpòt moun, pou sekirite ak sante yo.

Direktè a ap pran tout desizyon pou limite peryòd egzèsis ou alekri, epi l ap endike fè ak rezon espesifik ki fè l pran desizyon sa a. Y ap ba w yon kopi desizyon sa a.

W ap resevwa yon kopi desizyon alekri a epi y ap voye yon kopi bay Komite Koreksyon an nan 24èdtan.

MARYAJ

Si w vle marye pandan yo fèmen w lan, ou kapab jwenn yon fòm demann kot Konseye etablisman w lan. Aprè w fin tounen fòm ranpli a bay pèsonèl Konsèy la, y ap planifye pou w wè ak Grefye Maryaj Vil New York la pou ranpli Fòm Demann Otorizasyon Maryaj la.

Yon fwa ou soumèt Fòm Demann Otorizasyon Maryaj la, moun ki pral mari w oswa madanm ou an dwe prezante l devan Biwo Maryaj la, li dwe peye frè pou sètifika a epi siyen demann nan. Moun ki pral mari w oswa madanm ou an responsab pou l jwenn yon selebran otorize pou selebre seremoni maryaj la. Selebran otorize a ap bezwen bay twa (3) dat kote l disponib pou selebre seremoni maryaj la. Dat maryaj la fikse ak pèsonèl Depatman an aprè yo fin resevwa otorizasyon maryaj la ak non ak disponiblite selebran otorize a. Ou dwe pran

dispozisyon ki nesesè pou w peye swa pastè a oswa ofisye seremoni otorize a k ap selebre seremoni maryaj la, ***paske DOC p ap peye pou frè sa yo.*** Yo otorize w deblòke fon sou kont ou pou pèman an. Konseye a ap ba w yon fòm ki rele “Fòm Liberasyon Fon” w ap bezwen ranpli tou ak montan w ap transfere bay pastè a pou sèvis li.

NETWAYAJ

Ou dwe kenbe selil ou ak zòn lojman w lan pwòp. Depatman an ap bay chak zòn lojman ase bale, mòp, netwayan ak dezenfektan jeneral ak lòt materyèl pou netwaye epi antreteni zòn lojman an, depi bay materyèl sa yo pa menase garanti ak sekirite prizon an. Chak moun ki nan zòn lojman an dwe patisipe nan kenbe l pwòp.

PÈMAN KOSYON

Kòman pou w Peye Kosyon

Y ap aksepte kosyon sou youn nan fòm sa yo, sèlman pou montan egzat kosyon an:

- Chèk bank/kesye, nan yon montan ki pa depase montan kosyon an;
- Manda bankè, jiska \$1,000 pa manda;
- Manda Federal Express, jiska \$1,000 pa manda;
- Manda Postal Etazini, jiska \$1,000 pa manda;
- Manda Travelers Express Company, jiska \$1,000 pa manda;
- Manda Western Union, jiska \$1,000 pa manda;
- Chèk yon etablisman DOC bay (pa egzanz apati kont ou);
- Chèk Depatman Finans Vil New York pou yon ranbousman kosyon;
- Chèk Administrasyon Veteran, Gouvènman Ameriken oswa Gouvènman Eta New York bay jiska \$1,000 pa chèk;
- Kat Kredi oswa Debi.

Si oumenm oswa yon lòt moun ap peye kosyon nan yon etablisman nan Bòwo (Borough) an oswa Rikers Island nan Kès Santral Rikers Island lan, fè chèk oswa manda yo sou non “Depatman Koreksyon Vil New York”, kèlkeswa kote moun nan loje. Moun k ap vèse kosyon an dwe prezante pyès idantite l epi li dwe bay nimewo idantifikasyon Eta New York moun y ap mete an libète sou kosyon an.

Si pou dosye w la yo otorize pèman pa kat kredi, ou kapab peye kosyon w lan oumenm nan kyòs akèy etablisman w lan oswa yon moun kapab peye kosyon w lan pou ou anliy gras ak sèvis Rechèch Depatman yo ou kapab kontakte nan adrès URL sa a: [HTTP://A073-ILS-WEB.NYC.GOV/INMATELOOKUP/PAGES/COMMON/FIND.JSF](http://A073-ILS-WEB.NYC.GOV/INMATELOOKUP/PAGES/COMMON/FIND.JSF).

Ou kapab fè pèman pa Kat Kredi oswa Debi an pèsòn tou nan tout etablisman nan Awondisman an oswa nan Biwo Kès Santral Rikers Island gras ak antrepriz GovPay. Ou

kapab jwenn yon telefòn GovPay tout kote toupre gichè kosyon an. Kou w pran telefòn nan w ap konekte otomatikman ak yon reprezantan GovPay k ap pran enfòmasyon sou kat kredi oswa debi w la epi k ap trete tranzaksyon kosyon w lan. Kou w fini, retounen nan gichè kosyon an pou w tèmine pwosedi kosyon an.

Ou menm oswa yon moun kapab peye kosyon w lan nan non w ak yon kantite manda oswa chèk bank/kesye ki nesèsè depi valè total tout manda ak chèk akseptab yo epi tout sòm ann espès yo koresponn ak montan egzakt kosyon w lan, epi pa gen okenn fòm pèman ki depase \$1,000. Depatman an PA bay monnen pou tranzaksyon kosyon. (Ale nan seksyon **Sèvis Ekonomat ak Depo sou Kont.**)

Pa egzanp si montan kosyon an se \$2,500, pou pi piti w ap bezwen twa (3) fòm; de (2) fòm pou \$1,000 yo chak epi yon (1) fòm pou \$500, ki rive yon total \$2,500.

Tanpri remake: Depatman an ap enfòmè moun ki an detansyon an si l gen yon kosyon \$1. Anplis, y ap enfòmè avoka moun ki an detansyon an tou, si gen yon avoka ki anrejistre nan sistèm jidisyè a.

Ki kote pou Peye Kosyon

Ou kapab fè pèman kosyon nan Kès Santral Rikers Island, Konplèks Detansyon Brooklyn nan, Konplèks Detansyon Manhattan nan, Konplèks Detansyon Queens lan, Vernon C. Bain Center, ak nan Lakou Penal Konte Bronx lan kèlkeswa kote moun nan loje. Si moun k ap chache peye kosyon an chwazi ale Rikers Island, moun k ap peye a dwe ale nan gichè Kès Santral Rikers Island lan nan Blding Vizitè Rikers Island lan, ki aksesib sèlman pou Bis MTA Q100. Si ka pa w la pèmèt pèman pa kat kredi, ou kapab peye kosyon pèsònèl nan kyòs akèy etablisman w lan, oswa yo kapab fè pèman anliy nan non w gras ak Sèvis Rechèch Depatman an ki aksesib nan adrès URL sa a:

[HTTP://A073-ILS-WEB.NYC.GOV/INMATELOOKUP/PAGES/COMMON/FIND.JSF](http://A073-ILS-WEB.NYC.GOV/INMATELOOKUP/PAGES/COMMON/FIND.JSF).

Depatman an PA aksepte chèk pèsònèl, kit li sètifye ou pa, kèlkeswa montan an, epi li p ap aksepte manda pou montan ki depase \$1,000.

Remak: Yo bay enfòmasyon isit la pou sèvi gid jeneral epi li pa kouvri tout règ, reglemantasyon, lwa, òdonans ak nòm konsènan vèsman kosyon pou yon moun ki an detansyon. Tanpri pale ak avoka w la si w gen kesyon yo pa reponn la a.

PLANIFIKASYON POU LIBERASYON AN NAN INITE SANTE MANTAL

Yo ofri tout moun ki an detansyon, k ap benefisye sèvis sante mantal aktyèlman oswa ki te resevwa sèvis sa yo pandan yo te fèmen l nan prizon, sèvis travay sosyal ak reyensèsyon. Si w ap resevwa swen sante mantal pandan w an detansyon nan Depatman Koreksyon Vil New York la, ou kalifye pou w benefisye sèvis planifikasyon pou liberasyon ak prestasyon nan kad règleman jidisyè **Brad H** a. Kòm manm klas Brad H, yo ba w dwa pou w gen yon plan liberasyon sou tretman ki konplè.

Kòm manm klas Brad H, si yo libere w nan tribinal la dirèkteman, ou kapab vizite Rezo Èd pou Reyensèsyon nan Kominote a (Community Re-Entry Assistance Network (CRAN)) ak Sèvis Rezo Èd (Assistance Network Services (ANS)) (yo konnen sou ansyen non SPAN ak Forensic Link) ou jwenn distans ou fè ap mache pou w sot nan yon palè jistis al nan yon lòt. Pèsonèl la ap ede w ranpli plan liberasyon w lan, epi l ap ba w tout preskripsyon oswa enfòmasyon ou kapab bezwen. Sèvis sa yo disponib jiska 30 jou aprè liberasyon w nan gadavi DOC.

Lokal Biwo yo se:

- Brooklyn/Manhattan
175 Renssen Street, 5th & 11th Floor
Brooklyn, NY 11201
Nimewo Telefòn (718) 975-0180 (Brooklyn) (718) 975-1180 (Manhattan)
Tren: 2/3/4/5/R
- Bronx
1020 Grand Concourse, North Professional Wing
Bronx, NY 10451
Nimewo Telefòn (718) 538-7416
Tren: 4/B/D
- Queens
120-34 Queens Boulevard, Suite 225
Kew Gardens, NY 11415
Nimewo Telefòn (718) 261-4202
Tren: E/F
- Staten Island (Rele biwo a alavans)
120 Stuyvesant Place, Suite 410
Staten Island, NY 10301
Nimewo Telefòn (718) 727-9722
Transbòdè: St. George Terminal

BIWO CRAN WALK IN yo louvri soti lendi rive vandredi, ant 9 a.m. ak 5 p.m.

PREVANSYON SUISID

Si w gen anvè fè tèt ou mal, oswa ou santi w vrèman deprime, oswa ou panse touye tèt ou, mande pou w kontakte Sèvis Sante Mantal imedyatman.

Si w kwè yon lòt moun ki an detansyon vle touye tèt li oswa blese tèt li, pale sa ak responsab zòn lojman w lan oswa ak nempòt manm pèsonèl Depatman an oswa medikal la imedyatman.

Men kèk mwayen pou w konnen lè yon moun ap panse pou l touye tèt li. Li kapab:

- Kòmanse bay bagay oswa di orevwa
- Eseye fè tèt li mal
- Menase pou touye tèt li
- Vin deprime
- Fenk pèdi yon pwòch li
- Soti nan yon relasyon damou
- Resevwa yon move nouvell pandan yon vizit oswa pa apèl telefonik.

Moun ki kapab an danje suisid souvan montre siy sa yo aprè yon vizit, aprè yo sot nan tribinal, aprè yon apèl postal, pandan jou konje, aprè apèl telefonik, panda yon chanjman toune, pandan yon toune minui oswa kòm nouvo admi. Menmsi w kapab wè siy ki montre yon moun anvi touye tèt li nan lòt sikonstans, li vrèman enpòtan pou w atantif ak moman sa yo.

PWOGRAM GADRI

Si w ansent, si w akouche oswa si w se yon detni fi epi w gen yon timoun ki gen mwens pase yon (1) lane pandan yo fèmen w lan, ou kapab mande gadri RMSC a pou kenbe bebe a avè w jiskaske timoun nan gen yon (1) lane. Si yo aksepte w nan pwogram nan, y ap otorize bebe a rete avè w nan gadri rive nan laj yon (1) lane. Mande konseye w la yon fòm demann.

PWOGRAM AK PLANIFIKASYON POU LIBERASYON

Depatman Koreksyon an gen divès pwogram a dispozisyon w pandan tan yo fèmen w lan. Se pwogram edikatif, pwofesyonèl, lwazi, konsèy ak aktivite anrichisman. W ap jwenn yon lis kèk pwogram prensipal ki disponib nan pifò etablisman pi ba a. Sonje diferan pwogram sa yo gen diferan kritè epi tout pwogram pa louvri a tout moun oswa disponib nan tout prizon. Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ak sou lòt ankò, pale ak Konseye w oswa Pèsonèl Pwogram etablisman w lan.

- **Sèvis Konsèy ak Sosyal:** Pandan tan w pase an detansyon nan DOC, w ap gen opòtinite pou w rankontre yon konseye. Konseye yo kapab ede w ak demann ou kapab genyen pou sèvis sosyal. Y ap ofri w posiblite pou w patisipe nan konsiltasyon kolektif ak endividyèl tou. Li seksyon Sèvis Konsèy la pou ka jwenn plis enfòmasyon.
- **Lwazi:** Anplis aksè a 1 èdtan lwazi chak jou (gade p. 37 pou plis detay), pèsonèl lwazi DOC la anime aktivite estriktire anndan ak deyò zòn lojman yo, nan djim nan ak deyò zòn lwazi yo. Aktivite lwazi se tounwa baskètbòl, je echèk, tounwa kat, Uno ak divès egzèsis.

- **Travay Kreyatif Atis:** Pèsonèl DOC ak atis kominote a ofri yon varyete aktivite tankou espektak, konkou travay atistik ak plis toujou. Enskri nan kou sa yo pou w pousuiv enterè w epi chase estrès ou.
- **Sèvis ki baze sou enterè:** DOC ofri yon varyete pwogram ki pèmèt moun pousuiv enterè patikilye yo. Selon etablisman an, pwogram sa yo se sèvis bibliyotèk piblik, gwoup deba, kou yoga, atelye ekriti kreyatif ak plis toujou.
- **Sèvis pou Veteran:** Si w se yon veteran, ou kapab benefisye sèvis espesyalize Administrasyon Veteran ak lòt òganizasyon ki soutni veteran. Pou plis enfòmasyon, tanpri pale ak yon manm pèsonèl DOC.
- **Sèvis Reyensèsyon:** Li la pou soutni w pandan tan yo fèmen w lan ak aprè, pwogram reyensèsyon ofri yon varyete atelye pou prepare w pou travay, jesyon kòlè, sante ak byennèt, wòl paran ak lòt sijè. Nou ofri sèvis planifikasyon pou liberasyon tou ak koneksyon ak òganizasyon kominotè ki kapab ede w konsènan travay, lojman ak lòt bezwen ou kapab genyen nan moman liberasyon w.

Plis Resous pou Reyensèsyon

Gen de (2) gid resous ki disponib nan etablisman DOC tou ak lis òganis ki bay enfòmasyon pou ede moun ki soti nan prizon ki retounen nan kominote yo. Yo ta dwe ba w gid “Beyond the Bridge” (“Pi Lwen Pon An”), nan moman admisyon w lan. Si w pa t resevwa l, mande Konseye w la yon kopi w ap kapab gen sou ou swa lè yo libere w oswa transfere w. Ou kapab prete Gid Koneksyon an nan Bibliyotèk Jiridik la oswa biwo Konseye a. W ap resevwa yon kopi tou nan moman liberasyon w.

Si yo te libere w epi w pa t resevwa èd pou w planifye liberasyon w lan pandan w te nan prizon an, ou kapab toujou rele 311 pou w jwenn èd epi mande pou “Sèvis Liberasyon nan Prizon”. Y ap poze w kesyon pou pèmèt operatè a oryante w bay sèvis apwopriye.

PWOPRIYETE

Lè w fenk rive nan prizon an, y ap retire tout pwopriyete yo pa otorize nan men w. Yo otorize w kenbe kèk bagay, jan yo endike sa nan seksyon “Atik yo Otorize” ki nan Liv sa a. W ap resevwa resi pou pwopriyete y ap retire nan men w yo, epi Depatman an ap konsève yo epi l ap remèt ou yo lè w libere.

Si w vle rekipere yon atik nan pwopriyete w la oswa ou vle yon moun vin chache pwopriyete w, mande Konseye etablisman w lan yon fòm Liberasyon Pwopriyete epi suiv enstriksyon yo.

Y ap detui tabak ak pwodui ki gen rapò ak tabak si yo pa konsève yo kòm prèv nan yon pwosedi penal. Aprè yo fin trete w kòm yon nouvo admisyon, y ap retire tou lajan yo jwenn epi y ap vin pwopriyete Vil New York la. Chak fwa Depatman an retire pwopriyete w, w ap resevwa yon fòm Resi pou Pwopriyete #111R B 92, ki esplike kijan pou w depoze yon rekou kont aksyon retrè sa a.

Si yo retire pwopriyete w nan yon koli oswa yon lèt antran paske yo pa otorize w genyen yo avè w pandan tan w ap pase nan prizon an, epi yo pa yon enfraksyon, y ap mete l nan pwopriyete ki konsève w yo epi y ap enfòmè w de retrè a nan 24 èdtan. (Yo bay plis enfòmasyon sou koli pi wo a, nan seksyon “**Koli**”). Si yo entèdi yon publikasyon antran oswa si yo retade livrezon l paske l gen enfòmasyon entèdi, y ap enfòmè w nan 24 èdtan aprè desizyon an. Si w gen yon plent konsènan resepsyon koli w la, ou kapab swa depoze yon doleyans oswa depoze yon plent alekri nan Komite Koreksyon an. Si w chwazi adrese w ak Komite Koreksyon an, ou p ap kapab depoze yon doleyans ankò. Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon, li Seksyon “**Doleyan**” lan.

Y ap konsidere tout pwopriyete pèsònèl ou pa reklame nan **30 jou** aprè liberasyon w kòm yon pwopriyete abandone epi y ap remèt li bay Depatman Polis la oswa yon lòt ajans pou yo elimine l. Nan moman liberasyon w nan depatman an oswa pandan detansyon w, oumenm oswa yon moun ou chwazi kapab retounen epi reklame pwopriyete w ki pa anbale. Si w nan gadavi nou an, ou dwe ranpli yon fòm liberasyon pèsònèl Sèvis Sosyal etablisman w lan bay epi y ap trete l pou pèmèt moun ou endike a rekipere pwopriyete w la. Si yo libere w, ou dwe rele 311 avan pou w fikse yon randevou pou w rekipere pwopriyete w. Si yo transfere w nan yon lòt etablisman, y ap voye w ansanm ak pwopriyete **ou**.

PWOSEDI POU DOLEYANS

Biwo Sèvis Elektè ak Doleyan (Office of Constituent and Grievance Services, OCGS) Depatman an disponib pou ou si w gen yon plent oswa enkyetid sou nenpòt bagay ki konsène anprizònman w lan. Si w pa kapab rezoud pwoblèm yo nan pale ak konsène yo, ou kapab depoze yon plent nan OCGS. Pwosedi pou doleyans lan se yon tantativ pou rezoud litij yon fason ki jis epi ki ekitab nan kad règlemantasyon ki egziste yo. Ou kapab itilize pwosedi pou doleyans pou w rezoud pwoblèm ki gen rapò ak yon ensidan espesifik oswa ki gen rapò ak politik Depatman an oswa fason politik yo aplike, oswa paske pa gen politik oswa règ sou yon bagay ki afekte anprizònman w lan.

Fason pou w Depoze Doleyan

Ranpli yon “Fòm Doleyan pou Detni/Kondane” (Fòm #7101), ki disponib kot manm pèsònèl ak biwo Doleyan, kot Responsab Zòn Lojman, nan Bibliyotèk Jiridik ak Biwo Pwogram yo. Ou dwe siyen fòm doleyans lan (yo) pou w kòmanse ankèt sou plent ou an.

Yo bay tout kategori Doleyan yo pi ba a. **Ou pa kapab evoke plizyè pwoblèm nan yon fòm doleyans oswa rele 311. Ou dwe depoze chak doleyans apa sa k ap ede w jwenn yon solisyon a tan.**

Epi soumèt doleyans lan lè w remèt li bay yon manm pèsònèl Doleyan pandan vizit yo nan zòn lojman an, lè w depoze l nan Bwat Doleyan oswa pote l nan Biwo Doleyan lan.

Si w pa kapab gen aksè nan fòm Doleyans lan (Fòm #7101) oswa pèsònèl Doleyans lan, ou kapab soumèt yon doleyans lè w rele 311 epi y ap voye plent ou an bay OCGS elektwonikman. Si pwoblèm nan se yon pwoblèm ki merite pou w depoze yon doleyans, jan sa endike nan fòm Doleyans lan, pèsònèl Doleyans lan ap asire yon suivi pou diskite enkyetid ou a. Si pwoblèm ou souleve a pa merite pou w depoze yon doleyans, pèsònèl OCGS la ap transfere plent ou an dirèkteman bay inite ki konpetan pou trete l.

Revanj

Yo ba w dwa pou w depoze yon doleyans. Si w kwè pèsònèl Depatman an tire vanjans kont ou **akoz yon doleyans ou te soumèt**, ou kapab depoze yon doleyans kont pèsònèl la gras ak pwosedi pou doleyans lan. Dwe gen lyen ant doleyans ou te depoze anvan an ak plent kont pèsònèl la pou w pale de revanj.

Vanjans se tout aksyon oswa menas aksyon kont yon moun ki anprizone ki patisipe nan pwosedi poudoleyans lan. Yo entèdi fòmèlman revanj pèsònèl Depatman an kont nenpòt moun ki patisipe nan pwosedi pou doleyans lan. Konpòtman yo konsidere kòm revanj se: menas, reprimann, pèsèkisyon oswa refize kèk privilèj, san li pa limite ak sa yo sèlman.

Retounen Doleyans lan

Y ap retounen doleyans lan ba ou epi yo p ap trete l si l tonbe anba kategori yo bay nan fòm Retou Doleyans lan. Se: si w refize siyen fòm doleyans lan, souleve pwoblèm ki pa nan konpetans DOC, plent sou pwosedi disiplinè, eks. Si yo retounen w doleyans ou an ou gen senk (5) jou travay pou w soumèt doleyans ou an ankò.

Delè pou w Depoze Doleyans

Ou dwe depoze doleyans ou an nan 10 jou (sof nan wikenn ak jou ferye) apati dat evènman an oswa pwoblèm ou pot plent pou li a rive a, oswa lè w aprann pwoblèm nan.

Ki jan Pwosedi pou Doleyans lan Fonksyone

Etap 1: Aprè w fin siyen doleyans ou an epi w depoze l nan bwat doleyans lan oswa ou soumèt li bay pèsònèl Doleyans lan, pèsònèl Doleyans lan ap siyen l, l ap mete dat ak lè sou li ala machin epi l ap ba w yon kopi fòm deklarasyon w lan kòm resi nan de (2) jou travay. Ansuit, pèsònèl Doleyans lan ap ankete epi l ap eseye pot solisyon pou doleyans ou an. Pèsònèl Doleyans lan gen sèt (7) jou travay pou l ankete epi pou l kominike w yon desizyon fòmèl. Si w pa satisfè ak desizyon fòmèl la oswa pèsònèl Doleyans lan pa ba w yon repons pou doleyans ou an nan sèt (7) jou travay (sof wikenn ak jou ferye), ou kapab mande Direktè a rekou.

Etap 2 – Nivo Direktè: Si w pa satisfè ak desizyon pèsònèl Doleyans lan, ou gen de (2) jou travay pou w deside si w vle mande Direktè a rekou. Nan ka sa a, endike chwa w la nan fòm desizyon an, siyen l epi tounen l bay pèsònèl Doleyans lan. Direktè a gen senk (5) jou travay pou l konfime oswa rejte desizyon pèsònèl Doleyans lan epi pou kominike w rezilta desizyon l lan.

Etap 3 – Nivo Chèf Adjwen: Si w pa satisfè ak desizyon Direktè a, ou gen de (2) jou travay pou w decide si w vle mande Chèf-Adjwen an rekou. Nan ka sa a, endike chwa w la nan fòm desizyon Direktè a, siyen l epi tounen l bay pèsònèl Doleyan lan. Chèf-Adjwen an gen senk (5) jou travay pou l konfime oswa rejte desizyon Direktè a epi pou kominike w rezilta desizyon l lan.

Etap 4 – Komite Revizyon Biwo Santral (Central Office Review Committee, CORC): Si w pa satisfè ak desizyon Chèf Adjwen an, ou gen de (2) jou travay pou w decide si w vle mande CORC rekou. Nan ka sa a, endike chwa w la nan fòm desizyon Chèf-Adjwen an, siyen l epi tounen l bay pèsònèl Doleyan lan. CORC gen kenk (15) jou travay pou l konfime oswa rejte desizyon Chèf-Adjwen an epi pou kominike w rezilta desizyon l lan. Komite Koreksyon (BOC) an ap gen posiblite pou l fè rekòmandasyon sou rezilta doleyans ou an tou avan CORC kominike w desizyon final la. CORC gen desizyon final konsènan doleyans moun ki an detansyon.

Plis Enfòmasyon Konsènan Pwosedi pou Doleyan selon Rekòmandasyon 3376R-A

Si w pa resevwa yon repons pou doleyans ou an nan okenn *nivo pwosedi* doleyans lan nan delè yo bay pi wo yo, ou kapab pase nan pwochen *nivo pwosedi* pou doleyans lan.

W ap jwenn plis detay sou delè pwosedi pou tout etap pwosedi ki nan Rekòmandasyon 3376R. Kopi Rekòmandasyon sa a disponib nan Biwo Doleyan lan ak Bibliyotèk Jiridik la.

Konfidansyalite ak Aksesibilite

Dosye doleyans yo konfidansyèl epi yo konsève yo nan yon zòn vewouye pou itilizasyon pèsònèl OCGS. Y ap bay sa yo ki pa pale Anglè oswa ki pa ekri l ak sa yo ki andikape èd nesèsè pou yo itilize pwosedi pou doleyans lan.

Plent ki pa pou Doleyan

OCGS trete tout plent li resevwa, men kèk pwoblèm pa merite pou depoze doleyans. Sa vle di OCGS ap trete plent sa yo epi l ap transfere l bay inite ki apwopriye pou fè ankèt apwofondi. Pa egzanp plent ki pa pou doleyans se plent sou estati klasifikasyon oswa sou pèsònèl OCGS ap transmèt Direktè a pou fè ankèt apwofondi. Si w pa sèten yon pwoblèm merite pou w depoze doleyans ou pa, tanpri konsilte fòm deklarasyon pou moun ki an detansyon oswa pale ak pèsònèl Doleyan lan. **Ou pa kapab depoze von doleyans konsènan pwosedi disiplinè oswa pinisyon pou von enfraksyon Ou kapab pran rekou kont von enfraksyon gras ak pwosedi rekou a.**

Kategori Doleyan **Tanpri remake ou kapab pran rekou sèlman pou kategori doleyans.*

Kategori doleyans:

1. ESTATI SRG
2. RAD
3. EKONOMA
4. KORESPONDANS / LÈT
5. TRAVAY

6. ANVIWÒNMAN
7. MANJE
8. KONT MOUN KI AN DETANSYON
9. TAN NAN PRIZON
10. LESIV
11. BIBLIYOTÈK JIRIDIK
12. MEDIKAL
13. SANTE MANTAL
14. IJYÈN PÈSONÈL
15. TELEFÒN
16. PWOGRAM
17. PWOPRIYETE
18. LWAZI
19. RELIJYON
20. RÈG AK RÈGLEMANTASYON
21. LEKÒL
22. RECHÈCH
23. SÈVIS SOSYAL
24. TRANSPÒ
25. VIZIT
26. LÒT KATEGORI

Kategori ki pa pou Doleyans:

1. AKIZASYON AGRESYON
2. VYOLANS SEKSYÈL/PÈSEKISYON SEKSYÈL (PREA)
3. AKIZASYON PÈSEKISYON
4. PLENT PÈSONÈL LA
5. ALTÈKASYON MOUN KI AN DETANSYON
6. AKIZASYON ABI SEKSYÈL/PÈSEKISYON SEKSYÈL MOUN KI AN DETANSYON FÈ SOU MOUN KI AN DETANSYON
7. AKIZASYON PÈSEKISYON VÈBAL MOUN KI AN DETANSYON FÈ SOU MOUN KI AN DETANSYON
8. ESTATI BENEFISYÈ KONTREBANN PLANIFYE, ESTATI KONTRENT RANFÒSE, IDANTIFIKASYON WOUJ OSWA CMC)
9. PÈSONÈL MEDIKAL / PÈSONÈL SANTE MANTAL
10. DEMANN GAD PREVANTIV
11. DEMANN POU ARANJMAN AKÒZ ANDIKAP
12. DEMANN LIBÈTE ENFÒMASYON SELON LALWA
13. LOJMAN
14. PWOSEDI POU DOLEYANS POU MOUN KI AN DETANSYON
15. LÒT KATEGORI

SEKIRITE AK SÈVIS POU VIKTIM

Kesyon Sekirite Jeneral

Ou gen dwa pou w an sekirite nan prizon. Lè w te vin nan gadavi Depatman an, yo te mande w si w konnen yon rezon kèlkonk ki ka mete w an danje oswa si w bezwen yon sekirite oswa pwoteksyon espesyal nan men popilasyon jeneral la, tankou:

- Yo te agrese w, fè pèsekisyon sou ou oswa kontrenn ou, seksyèlman oswa nan lòt fason, pandan w an detansyon oswa pandan peryòd lè w te an detansyon avan sa
- Yo te wè w kòm omoseksyèl, transjan, travesti oswa vizibleman feminen (si li loje nan pati gason)
- Okenn lòt rezon.

Menm si w pa t di anyen lè w te fenk antre nan gadavi, li pa janm two ta pou w mande èd. Si w pa santi w an sekirite pou nenpòt rezon nenpòt ki lè, rasire w ou di responsab lojman an sa. Ou kapab pale sa ak yon omonye, yon konseye oswa nenpòt lòt manm pèsònèl la.

Depatman an dispoze plizyè mwayen pou w reponn ak bezwen sekirite w nan popilasyon jeneral la. Kapab se separe w de yon moun oswa plizyè moun espesifik k ap menase w oswa transfere w nan yon lòt zòn lojman oswa etablisman. Nan zòn sa yo, **sa vle di detansyon prevantif**, yo eskòte moun nenpòt lè y ap kite zòn lojman yo. Apa eskòte, inite sa yo idantik ak zòn lojman popilasyon jeneral òdinè.

Pwoteje tèt ou:

- Gade tout konfyans ou
- Pa janm aksepte kado oswa favè nan men moun tankou manje, medikaman, tabak oswa lòt pwodui kontrebann.
- PA JANM asepte òf lòt moun ki an detansyon ki pwopoze pou yo proteje w
- Al kot yon konseye, manm klèje a oswa pèsònèl medikal oswa sante mantal ou santi w alèz pou w diskite krent ak preokipasyon w avè l
- Se pou w dirèk epi fèm si yo mande w pou fè nenpòt bagay ou pa vle fè
- Rete nan zòn etablisman kote yo mete w la
- Fè ensten w konfyans. Si ou gen santiman yon sityasyon kapab pot danje, se kapab sa

Lojman apati Idantifye Jan

Depatman an ap egzamine lojman an pa idantite jan ka pa ka pou moun yo idantifye kòm transjan, entèseksyèl, nonkonfòm ak/oswa nonbinè, si yon plasman kon sa ta garanti sante ak sekirite yo, ak si plasman sa a ta prezante pwoblèm jesyon oswa sekirite. Y ap gen pou mande w ranpli yon Fòm epi pou w bay pou enfòmasyon sou preferans ou konsènan lojman ak rechèch. Ou kapab mande lojman nan Popilasyon Jeneral la, Detansyon Prevantif oswa mande pou yo mete w nan popilasyon transjan, entèseksyèl ak jan nonbinè.

DOC mete yon inite an plas pou loje moun ki transjan, entèseksyèl e jan nonbinè ki chwazi viv nan yon inite lojman apa. W ap jwenn inite sa a nan etablisman fi Depatman an. Yon fòm

pou mande inite sa a ap disponib tou nenpòt ki lè sou demann kot Ekip PREA ki nan etablisman an oswa kot yon sipèvizè zòn lojman pandan tan anprizònman moun nan.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan Rekòmandasyon LGBTI-GNC-GBC nou an. Rekòmandasyon sa a ak 5011R-A. Rekòmandasyon PREA disponib nan Bibliyotèk Jiridik la.

Abi Seksyèl

An konfòmite ak rekòmandasyon Lwa sou Eliminasyon Vyòl nan Prizon (Prison Rape Elimination Act (PREA)), Depatman an te etabli politik ak pwosedi pou ede moun ki nan gadavi nou ki kapab vilnerab an patikilye fas ak abi seksyèl epi pou sipèvizè sa yo ki kapab agresif seksyèlman. PREA egzije Depatman an pou l pran mezi pozitif pou fè prevansyon kont abi ak pèsèkisyon seksyèl, pou detekte l, reyaji sou li, rapòte l epi ankete sou li, epi kont revanj pou tout moun ki rapòte yon abi oswa yon pèsèkisyon seksyèl.

Depatman an aplike zero tolerans pou tout rankont seksyèl pandan w an detansyon, menm lè gen konsantman. Tout konpòtman oswa konpòtman seksyèl kontrè ak règ Depatman an.

Ki Sa Vyolans Seksyèl Ye?

- Yo defini vyolans seksyèl kòm tout kontak seksyèl san konsantman. Se kontak oswa penetrasyon nan deyè oswa nan vajen pa mwayen peni, dwèt oswa lòt objè.
- Abi seksyèl se tout atouchman entansyonèl nan pati jenital, tete, anndan kuis oswa nan deyè, swa dirèkteman oswa sou rad san konsantman moun ki sibi l la tou.
- Yo konsidere fè sèks ak yon manm pèsònèl (menm si w bay konsantman w) kòm vyolans seksyèl.
- Kontak sa yo pa pran an kont kontak aksidantèl nan yon altèkasyon fizik. Pa egzanp, si de (2) moun nan goumen, kontak fizik yo pa konstitiye yon abi seksyèl.

Ki Sa ki Pèsèkisyon Seksyèl?

- Avans seksyèl repete, demann sèvis seksyèl, kòmantè vèbal oswa jès ki genyen yon nati seksyèl yon manm pèsònèl, kontraktyèl oswa volontè fè yon moun ki an detansyon, ni referans degradan sou sèks moun, kòmantè seksyèl evokatè oswa denigran konsènan kò oswa rad, oswa jès oswa langaj ki sal.
- Avans seksyèl san konsantman epi ki repete, demann sèvis seksyèl oswa kòmantè vèbal, jès oswa aksyon ki genyen nati seksyèl ki denigran oswa blesan yon moun ki an detansyon fè yon lòt.

Ki sa ki Move Konpòtman Seksyèl Pèsònèl la?

- Tout solisitasyon yon manm pèsònèl la pou angaje yon moun ki an detansyon nan tout tip konpòtman oswa aksyon ki gen nati seksyèl. Se atouchman seksyèl avèk tantativ ak seksyèl, menas, oswa reklame ak seksyèl ak vwayeris.
- Vwayeris yon manm pèsònèl la, yon kontraktyèl oswa yon volontè se yon atent pèsònèl la fè kont vi prive yon moun ki an detansyon pou rezon ki pa gen rapò ak fonksyon ofisyèl li, tankou obsève yon moun ki an detansyon pandan l ap itilize

twalèt selil li pou l fè fonksyon kòporèl; mande yon moun ki an detansyon pou l ekspoze dèyè l, pati jenital oswa pwatrin li, oswa pran imaj tout kò yon moun ki an detansyon oswa yon pati nan kò l ki toutouni oswa imaj yon moun ki an detansyon k ap fè fonksyon kòporèl.

Kòman Pou M Anpeche Vyolans Seksyèl:

- Si w wè y ap fè pèsekisyon sou yon moun oswa y ap agrese l seksyèlman, rapòte yon manm pèsònèl sa imedyatman. Yo mandate tout manm pèsònèl la pou yo rapòtè.
- Nenpòt moun ki ofri w sèvis, ki prete w kèk bagay, oswa ki ba w pwoteksyon kapab ap prepare w pou yon agresyon oswa sible w kòm yon viktim potansyèl. Ou dwe konsyan de sitiyasyon ki mete w malalèz yo. Fè ensten w konfyans. Si w pa santi w byen, deplase oswa rele yon manm pèsònèl. Se dwa w pou w di **“NON”** **“SISPANN SA”**, oswa **“PA TOUCHE M!”**
- Si ou menm oswa yon lòt moun ap pran presyon pou fè sèks, di yon manm pèsònèl la sa imedyatman. Ou pa bezwen tann yo fè yon agresyon pou w mande èd.
- Ou dwe konsyan de zòn kote li kapab difisil pou manm pèsònèl la wè w oswa yon kote ou t ap gen difikilte pou jwenn èd si w te bezwen sa.
- Evite ale nan selil lòt moun epi evite fè moun vin nan selil pa w.
- Rete vijilan – kontrebann tankou dwòg ak alkòl ap rann li difisil pou w rete vijilan, pran desizyon oswa chache èd.

Ki sa w dwe fè si w Viktim Vyolans Seksyèl

Si w te viktim oswa ou viktim aktyèlman abi oswa pèsekisyon seksyèl yon fason kèlkonk, abi oswa pèsekisyon seksyèl lòt moun ki an detansyon oswa yon manm pèsònèl fè, ou kapab resevwa èd plizyè fason:

- Enfòmè responsab zòn lojman w lan, prestajè sèvis medikal oswa sante mantal, yon omonye, yon konseye, oswa nenpòt lòt pèsònèl;
- Depoze yon doleyans;
- Kontakte Divisyon Ankèt Depatman an nan 212-266-1900;
- Rele liy asistans konfidansyèl PREA a nan 718-204-0378;
- Kontakte yon konseye pou viktim ki nan sitiyasyon ijan nan Safe Horizon nan 212-227-3000 oswa ekri: Safe Horizon Inc., Brooklyn Community Program, 50 Court Street, 9th Floor, Brooklyn, NY 11201. TOUT APÈL GRATIS;
- Fanmi w oswa zanmi w kapab rapòte abi oswa pèsekisyon seksyèl la nan 311. Yo kapab fè yon rapò anliy sou sit entènèt DOC la tou.

Yo rapòte tout akizasyon sou abi seksyèl bay otorize polis ki konpetan epi y ap mennen ankèt apwofondi sou li. Y ap disipline epi pousuiv moun ki komèt pèsekisyon seksyèl oswa agresyon seksyèl.

Ou kapab rapòte abi seksyèl oswa pèsekisyon seksyèl an pèsòn oswa alekri, epi ou kapab fè sa nenpòt lè, kèlkeswa valè tan ki pase aprè sa te pwodui. Men, toutan w rapòte ensidan an pi

bonè l ap fasil pou yo ankete sou li. Menm lè w pa oblije site non agresè w la(yo), toutan w bay plis enfòmasyon l ap pi fasil pou pèsonèl la ede w. Si w swete sa, yon defansè viktim kalifye kapab akonpanye w epi soutni w pandan tout pwosesis egzamen mediko legal yo ak entèvyou sou ankèt la.

Si w rapòte ou te viktim yon agresyon seksyèl, y ap ofri w pwoteksyon imedyatman epi y ap oryante w bay yon egzamen mediko legal ak sèvis sante mantal. Avèk konsantman w, pèsonèl medikal la ap verifye prezans blese fizik avèk prèv agresyon seksyèl la. Y ap fè egzamen an a tit prive epi pwofesyonèl. Y ap pran tout prekosyon pou evite enfeksyon seksyèlman transmisib. **Ou kapab benefisye tout sèvis sa yo menm si w pa rapòte yon abi seksyèl oswa ou pa idantifye agresè w la.**

Tanpri sonje, menm si w kapab swete lave oswa netwaye kò w aprè agresyon an, li enpòtan pou w konsilte pèsonèl medikal la ANVAN w benyen, lave, bwè, manje, chanje rad oswa anvan w ale nan twalèt. Pa benyen, pa lave rad ak souvètman w te mete nan moman agresyon an, ni detui oswa jete yo paske yo kapab itilize bagay sa yo pou reyini prèv.

Si w wè oswa tande yon manm pèsonèl antre nan rapò seksyèl ak yon moun ki an detansyon oswa si w wè oswa tande yon manm pèsonèl oswa yon lòt moun ki an detansyon agrese oswa menase yon lòt moun seksyèlman rapòte sa imedyatman.

Konsèy Pou Viktim Abi Seksyèl:

Si w viktim abi seksyèl pandan w nan prizon, oswa si w te viktim anvan sa, pèsonèl medikal ak sante mantal pwofesyonèl, konseye fòm ak omye disponib pou ede w. Si youn nan soutyen sa yo entèrese w, mande ekip PREA etablisman w lan, oswa yon konseye pwogram oryante w.

SÈVIS EDIKASYON

Si w gen 18-21 lane epi ou pa gen yon diplòm etid segondè oswa yon diplòm ki ekivalan ak yon etid segondè (TASC/GED), epi yo mete w nan prizon oswa ou prevwa w ap nan prizon pou 10 jou oswa plis jou sivil, yo ba w dwa pou w resevwa sèvis edikasyon epi ou kapab al lekòl nan yon etablisman Rikers Island.

Si w vle al lekòl, ranpli “Fòm pou Demann Sèvis Edikasyon” ou ta dwe resevwa nan moman admisyon an. Ou kapab jwenn fòm sa a nan pòs “A” nan chak zòn lojman ak nan Konsèy (Sèvis Sosyal), Bibliyotèk Jiridik oswa nan lokal Omye ki nan etablisman w lan tou. Kou w fin ranpli fòm nan, soumèt li bay yon Konseye Pwogram oswa yon manm pèsonèl Pwogram epi y ap trete l epi remèt li bay pèsonèl Depatman Edikasyon an.

Depatman Edikasyon (Department of Education (DOE)) an bay sèvis edikasyon pou moun ki gen 18-24 lane ki kapab debouche sou yon diplòm etid segondè oswa yon diplòm ki ekivalan ak yon etid segondè (TASC, yo konnen lontan sou non GED), oswa diplòm Rejan. DOE ofri fòmasyon pwofesyonèl, konsèy ak planifikasyon liberasyon tou. Gen kèk etablisman ki gen pwogram edikasyon pou elèv 21 lane ki kapab debouche sou diplòm ki ekivalan ak yon etid

segondè. Pale ak Responsab Zòn Lojman w lan, Konseye w la, Kapitèn Pwogram nan oswa Direktè Adjwen Pwogram nan etablisman w lan si w vle ale lekòl, epi y ap bay yon fòm pou sa ak enfòmasyon sou sa ki disponib. Fòm yo disponib nan zòn lojman w lan ak nan Bibliyotèk Jiridik etablisman w lan ak nan zòn Pwogram.

SÈVIS KONSÈY

DOC kapab ba ou èd sèvis sosyal pou ede w kenbe kontak ak fanmi w, remèt fanmi w ak/oswa zanmi w ki nan kominote a pwopriyete w ki te anba kontwòl DOC, remèt fanmi w ak/oswa zanmi w ki nan kominote a fon w ki nan kont ekonomia DOC, ranpli yon fòm demann maryaj, epi ba w konsèy nan tan kriz. Konseye yo kapab ede w **mande yon** vizit lopital pou w al wè manm fanmi w ki malad grav epi ki prèske mouri, oswa pou w asiste vèy oswa fineray manm fanmi w.

Si ou menm oswa yon manm fanmi w soud oswa gen yon difikilte pou pale, li wè twoub oswa li avèg, oswa li gen difikilte pou deplase epi li dwe itilize yon baton, beki, deyanbilatè (wakè) oswa chèz woulant, Konseye yo kapab ede w ranpli Demann Amenajman Rezonab la epi ede w jwenn aksè ak Telefòn Tèks. (Ale nan seksyon **Dwa Moun Andikape.**)

Si w gen yon pitit nan fanmi akèy, yon Konseye kapab pale ak asistan sosyal yo ba ou a konsènan vizit ak pitit ou. Konseye yo kapab enfòmè w ak asistan sosyal ou a sou etap pou w suiv pou w asiste odyans tribinal fanmi. (Ale nan seksyon **Evènman Familyal**)

Yo kapab ba w verifikasyon lèt anprizònman ou kapab bezwen remèt pwogram reyensèsyon, lekòl ak lòt moun ki bezwen prèv sou kote w te ye lè w te rate yon randevou tou.

Konseye yo ap vizite zòn lojman w lan pou bay sèvis konsèy endividyèl ak kolektif epi reponn kesyon w sou sèvis sosyal. Tou depan de etablisman w lan, ou kapab enskri pou w wè yon Konseye gras ak yon fich referans. Yon fwa yo resevwa fich referans lan, yon konseye ap vizite lojman w lan epi reponn ak bezwen w.

Konseye yo kapab oryante w bay pwogram kominotè kote w kapab jwenn èd aprè liberasyon w.

Evènman Familyal Enpòtan

Si w swete asiste swa fineray oswa vèy yon manm fanmi w oswa lòt evènman enpòtan (manm fanmi ki kalifye se: papa ak manman, bòpè ak bèlmè, granpè ak grann, frè, sè, responsab legal ak ansyen responsab legal, pitit, pitit pitit, bofis ak bèlfi, matant madanm ak matant mari, tonton madanm ak tonton mari, mari ak madanm, ni moun ki plase si w kapab bay prèv) oswa vizite yon manm fanmi ki malad grav ki nan lis la, ou kapab mande Depatman an otorize w yon vizit eskòte. Ou dwe bay prèv relasyon w ak malad la oswa manm fanmi ki mouri a.

Chèf Depatman an oswa reprezantan l ap egzamine demann ou an epi l ap pran yon desizyon sou baz sekirite, medikal, sante mantal, resous DOC ak lòt sikonstans pètinan.

Sèvis Konsèy nan prizon an kapab ede w mande pou w asiste evènman sa yo. W ap met rad sivil lè w ap asiste fineray oswa vèy oswa lè w ap vizite manm fanmi w ki malad. Si w pa gen rad apwopriye nan etablisman an, ou kapab fè aranjman pou w resevwa rad avan vizit la.

Yo pa otorize w asiste alafwa fineray ak vèy menm moun nan. Ou dwe endike preferans ou lè w soumèt demann nan.

Ou kapab vizite manm fanmi w ki nan lis pi wo a yon (1) fwa nan yon lopital oswa yon enstitisyon ki sanble avè l lè moun sa a prèske mouri nèt akòz yon maladi oswa aksidan ak si okenn rezon medikal pa anpeche w ale. Sa ap depann de Chèf Depatman an oswa reprezantan l pou deside si sikontans yo jistifye yon dezyèm vizit.

Ou menm, yon zanmi oswa yon manm fanmi, oswa tribinal k ap prepare òdonans pou pèmèt ou ale nan evènman sa a dwe bay Depatman an enfòmasyon sa yo:

- Non moun ki malad la, ki mouri a, oswa non moun w ap vizite a.
- Relasyon moun sa a gen avè w ak prèv relasyon an (pa egzanp, yon batistè, ak maryaj, ak lòt dokiman legal ki jistifye lyen ou gen avè l)
- Verifikasyon desè, si ka a prezante.
- Dat ak lè fineray la, vèy la, oswa sèvis ak adrès ak nimewo telefòn ponp finèb la, tanp lan oswa lòt lokal.
- Si fanmi w pa kapab jwenn prèv lyen parante w ak manm fanmi w ki malad la oswa ki mouri a pandan w nan prizon an, yo kapab pote prèv la nan Biwo Jeneral prizon an oswa bay Bilding Kontwòl nan Rikers Island. Biwo Jeneral la ap voye dokiman yo bay Sèvis Konsèy nan prizon w lan pa faks.

Y ap otorize w pase yon kantite tan rezonab nan sèvis fineray la oswa nan vizit lopital la, men li p ap depase l èdtan. Si w vizite yon moun ki malad anpil, medsen tretan an oswa règleman lopital la kapab limite dire vizit ou a.

Y ap ba w eksplikasyon nan ka kote yo refize demann vizit yo dekri nan seksyon sa a.

Si vizit la ap fèt anndan Eta New York, tout dokiman w an règ, epi Chèf Biwo a bay apwobasyon, y ap eskòte w selon politik DOC. Pèsonèl etablisman ki la pou sipèvize vizit la ap siveye tout konpòtman ki entèdi pandan vizit la, epi si ka a prezante, l ap enfòm detni an vizit konsènan fen vizit la. Yo pa otorize koupab yo pran manje, bwason, kado oswa lajan nan men manm fanmi yo oswa manm piblik la pandan vizit la.

SÈVIS MANJE

Yo etabli meni “Sante Kè” DOC la pou reponn ak rekòmandasyon nitrisyonèl òganis reglemantasyon yo. Li ofri tou divès rejim terapetik; repa relijye ak vejetalyen pou reponn ak bezwen alimantè ak relijye moun ki an detansyon. Si w panse eta sante w jistifye yon rejim

terapetik, ou dwe enskri nan apèl pou deklare yon malèz pou pèsonèl medikal la evalue w. Pèsonèl medikal la ap detèmine si yo dwe preskri w rejim terapetik la ou pa sou baz eta sante ou. Si w se yon vejetalyen oswa vejetaryen, enskri nan apèl pou deklare malèz, enfòmè Pèsonèl Medikal epi y ap transmèt demann ou an bay Sèvis Nitrisyonèl.

DOC ap fè aranjman rezonab pou demann obsèvasyon lwa alimantè relijye oswa jèn selon Rekòmandasyon ak Lòd Operasyonèl DOC etabli yo. Sèvis Ministeryèl ap evalue demann rejim relijye yo apa epi si li apwouve yo l ap transfere demann nan bay Sèvis Nitrisyonèl pou l sèvi manje relijye ki apwopriye, jan DOC otorize l la.

SÈVIS SANTE

Sèvis medikal, sante mantal ak dantè ak sèvis espesyalize ak sèvis dantè ki se Medikaman pou Tretman Depandans (M.A.T.) – sa vle di medikaman antretyen ki alabaz metadòn ak lòt medikaman dezentoksikasyon ak sèvis toksikomani a dispozisyon w pandan w nan gadavi nan Depatman Koreksyon Vil New York. Sèvis sa yo disponib soti lendi rive vandredi, men sèvis ijans yo disponib nenpòt lè, 24 sou 24, 7 jou sou 7. NYC Health + Hospital bay sèvis sa yo.

Ou kapab jwenn aksè nan sèvis sante sa yo lè w siyen fich enskripsyon pou apèl pou deklare malèz chak jou ki afiche nan zòn lojman w lan. Si w bezwen èd pou w ranpli yon demann sèvis sante, ou kapab chache èd yon manm pèsonèl DOC. Lè w siyen fich apèl pou deklare yon malèz chak jou, y ap mete w sou apèl pou deklare yon malèz nan pwochen jou travay la. Si w pa t enskri nan apèl pou deklare yon malèz, men ou gen yon ijans dantè, medikal oswa sante mantal nenpòt lè, pale sa ak Responsab zòn lojman an k ap asire l ou jwenn swen ann ijans. Tanpri remake yo asire apèl pou deklare yon malèz soti lendi rive vandredi, men aksè pou klinik disponib de samdi a dimanch, selon bezwen yo. Si w bezwen oswa w swete fè tès VIH, tanpri pale sa ak yon ajan swen sante.

Si eta sante w mande pou yo ospitalize w, y ap transfere w nan yon lopital oswa etablisman apwopriye.

Depistaj VIH ak Planifikasyon pou Liberasyon

Moun ki gen VIH oswa ki gen risk pou genyen l kapab wè yon konseye VIH nan etablisman l lan pou l pale de planifikasyon pou liberasyon lè l enskri nan apèl pou deklare yon malèz. ***Tès la volontè.*** Yon konseye konsènan VIH disponib nan tout etablisman. Tout seyans ak rezilta totalman konfidansyèl.

Sèvis Reyensèsyon ak Kontinuite (RCS)

Pèsonèl NYC Health + Hospital NYC-Sèvis Sante Koreksyonèl (kwòdonatè swen) disponib pou planifye liberasyon pasyan nan prizon Vil la avan liberasyon yo ak reyensèsyon yo nan kominote a.

RCS bay vizitè yo nan Sant Vizit Santral plis sèvis, tankou distribisyon kondòm, edikasyon ak tretman prevansyon ovèdoz (NARCAN) ak edikasyon/enfòmasyon sou sante, èd/enfòmasyon sou asirans sante ak gid resous. Pèsonèl RCS bay èd a pwoksimite nan kominote a pou mete pasyan yo an relasyon ak swen primè, sèvis lit kont VIH ak obsèvasyon medikaman kont VHC. Ou kapab gen aksè nan sèvis RCS lè w adrese yon manm pèsonèl klinik lan oswa lè w mande yon Ajan Koreksyon fè kontak sa a pou ou.

Pwogram Amelyorasyon Reyensèsyon Toksikomàn (SURE)

Amelyorasyon Reyensèsyon Toksikomàn (Substance Use Reentry Enhancement, SURE) se yon pwogram ki bay sèvis jidisyè, konsèy sou domaj ak alèjman, referans nan prizon, demann Medicaid ak planifikasyon reyensèsyon pou pasyan ki sanble soufri twoub ki lye ak konsomasyon sibstans ki po ko resevwa sèvis sa yo nan kad yon lòt pwogram Sèvis Sante Koreksyonèl (Correctional Health Services, CHS).

TRAVAY PANDAN W NAN PRIZON

Si yo kondane w, y ap mande w travay. Yo kapab bay detni ki swete travay yo yon djòb. Y ap plase òf pou djòb ak fòm demann yo nan zòn lojman w yo, bibliyotèk, biwo sèvis sosyal, biwo doleyans, ak kote yo bay oryantasyon. Ou dwe ranpli “Seksyon 1” nan “Demann Djòb pou Moun ki an Detansyon” epi bay Responsab Zòn Lojman w lan yon fòm ki ranpli si w swete travay. Pèsonèl konpetan ap egzamine demann ou an epi si yo apwouve demann ou an, w ap resevwa yon kopi fòm demann yo apwouve a, epi y ap rele w vin travay. Ou ka pa kalifye pou demann ou fè pou yon djòb an patikilye, nan ka sa a yon manm pèsonèl ap mande w fè demann pou yon lòt djòb. Y ap peye w selon salè *fiks* pou tach patikilye w la, epi y ap depoze fon an sou kont ekonomat w. Y ap ba w tach diferan an wotasyon. Si pou yon rezon tankou pwoblèm garanti oswa sekirite yo detèmine ou pa an mezi pou w ranpli yon tach an patikilye, y ap ba w yon lòt tach.

TRETMAN SAN DISKRIMINASYON

Depatman an p ap diskrimine w an fonksyon ras ou, relijyon w, nasyonalite w, oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou, sèks ou sanble w genyen an, laj ou, andikap ou genyen oswa konviksyon politik ou.

Depatman an ap ba w chans egal lè l ap pran desizyon tankou travay l ap bay, klasifikasyon ak disiplin ak lè y ap pran w an konsiderasyon pou pwogram ki disponib. Depatman an ap pran prewokipasyon rezonab an matyè eksplwatasyon ak sekirite an kont lè l ap pran desizyon.

Depatman an ap ba w piblikasyon ak jounal ki enprime ann anglè ak panyòl, l ap mete liv ak dokiman an panyòl nan bibliyotèk prizon an a disponiblite w epi l ap pèmèt ou koute emisyon yo bay an panyòl nan radyo ak nan televizyon. Gen yon kopi Liv sa a ki disponib an panyòl, chinwa, ris, bengali, kreyòl ayisyen, koreyen, arab, oudou, fransè, polonè ak bray.

Ou kapab pale oswa ekri ak moun ki an detansyon ansanm ak moun ki pa nan etablisman an nan nenpòt lang atravè lèt lapòs, telefòn oswa fas-a-fas, epi ou kapab li oswa resevwa dokiman ekri nan nenpòt lang. Lòt règ sou lèt, telefòn ak kominikasyon pèsònèl toujou aplikab.

VIZIT AVOKA

Avoka w la, yon asistan jiridik oswa yon travayè sosyal k ap travay ak avoka w la, kapab vizite w 7 jou sou 7, de 8 a.m. a 8 p.m. nan etablisman kote w loje a. Avoka w la kapab mande pou w prezante nan tribinal pou yon vizit avoka tou oswa mande yon reyinyon pa videyo konferans avè w. Yon videyo konferans pèmèt ou wè avoka w la epi pale avè l sou yon ekran televizyon nan etablisman w lan pandan avoka w la nan palè d jistis. Si w swete wè avoka w fas a fas, ou dwe pale sa ak yo epi mande yo vizite w. Vizit sa yo pa konte nan vizit yo otorize w resevwa yo.

Remak: P ap gen vizit avoka pandan dekont nan aprèmidi ki fèt a 3 p.m.

VIZIT

Si w se yon detni, yo ba dwa a twa (3) vizit pa “semèn vizit” (soti mèkredi rive dimanch) ki gen omwen yon (1) vizit nan yon sware oswa nan yon jou wikenn ladan l. Si w se yon kondane, yo ba dwa a de (2) vizit pa “semèn vizit”, ki gen omwen 1 vizit nan yon sware oswa nan yon jou wikenn ladan l. Vizit yo ap dire jiska in èdtan. Y ap prevwa plis vizit pou detni ak kondane ki an detansyon nan ka kote yo enplike nan sikonstans espesyal, tankou sityasyon ijans ak/oswa vizit ki enplike vwayaj long, men pa sa sèlman.

Yo otorize detni ak kondane resevwa jiska twa (3) vizitè an menm tan san yo pa bezwen apwobasyon etablisman an; men etablisman an kapab limite kantite a akòz mank espas. Ou kapab fè Direktè a yon demann alekri pou w vizite plis pase twa (3) vizitè nan yon vizit, si gen bezwen pou sa.

Y ap bay nenpòt moun Responsab Vizit la, ki idantifye kòm sadwa lè l montre yon pyès idantite valab epi li gen 16 lane oswa plis, otorizasyon pou vizite w ak konsantman w.

Tout timoun ki po ko gen 16 lane kapab vizite depi yon adilt yo idantifye kòrèkteman ki gen omwen 18 ane akonpanye yo, li dwe rete avèk yo pandan tout tan vizit la. Anplis, yon vizitè ki po ko gen 18 lane dwe bay non, adrès ak nimewo telefòn paran l oswa responsab legal li. Moun ki gen 16 oswa 17 lane kapab vizite, men yo pa kapab aji tankou adilt nan akonpanye vizitè ki gen po ko gen 16 lane sof si yo se paran timoun nan epi moun ki an detansyon y ap vizite a se paran menm timoun nan. Vizitè ki gen timoun yo kapab resevwa kontwòl sekirite rapid nan Bilding Kontwòl la. Gen kaye koloryaj ak kreyon koulè ki disponib sou demann pou vizitè timoun ki nan sal d atant etablisman an.

Yo bay tout moun ki an detansyon nan DOC dwa pou jwenn yon vizit nan 24 èdtan aprè admisyon inisyèl li nan gadavi Depatman an.

Orè vizit yo afiche nan sal vizit chak enstitisyon yo. Enfòmasyon yo disponib tou sou entènèt sou WWW.NYC.GOV/BOLDEST. Pou jwenn plis enfòmasyon, fanmi ou kapab rele 311 tou. Depatman an ofri vizitè ki prale Rikers Island yo transpò ale retou gratis. Aktyèlman bis yo Harlem ak Downtown Brooklyn. Fanmi ou kapab konsilte sitwèb Depatman an pou konnen orè bis yo tou. Vizitè ki andikape yo ap benefisye amenajman rezonab pou fasilite vizit yo a. Gen machin transpò ki disponib pou transpòte vizitè w yo soti nan Building Kontwòl la rive nan etablisman w lan. Depatman an kondui Tibis pou Vizitè gratis soti nan de (2) kote nan kominote a pou ale Rikers Island. Navèt yo asire yon transpò gratis pou Rikers Island epi de Rikers Island apati yon lokal nan 125th Street and 3rd Avenue in Manhattan ak yon dezyèm lokal nan Jay Street between Fulton Street ak Willoughby Street nan Brooklyn pandan tout lè vizit.

Yo kapab refize w dwa pou w vizite yon moun an patikilye, yo kapab retire l oswa limite l si Depatman an detèmine vizite moun sa a se yon menas pou garanti oswa sekirite vizitè yo oswa enstitisyon an. Direktè Adjwen Program nan ap pran desizyon sa a, l ap bay yon notifikasyon alekri epi l ap fè ou menm ak vizitè peye frè espesifik.

Yo pa otorize vizitè vin ak objè kontrebann anndan prizon an tankou dwòg ilegal, zam, tabak ak lòt bagay yo pa otorize w genyen nan prizon an. Y ap fouye vizitè w yo lè yo vin rann ou vizit, epi y ap arete yo si yo jwenn objè kontrebann sou yo. Anplis, yo pa kapab vini ak bipè, telefòn pòtab, aparèy foto, aparèy anrejistreman, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik oswa chiklèt. Gen Kazye ki disponib devan Rezidans Vizit prensipal la kote vizitè yo kapab ranje atik sa yo avan yo antre nan yon etablisman Depatman an. Nan etablisman ki nan Bòwo (Borough) yo, gen Kazye ki disponib devan baryè etablisman an kote vizitè kapab ranje atik yo site pi wo a.

Yo kapab refize w dwa pou yon vizit ki gen kontak, yo kapab retire l oswa limite l si yo detèmine vizit sa yo reprezante yon gwo menas pou garanti oswa sekirite prizon an. Si Depatman an deside refize w dwa pou w resevwa vizit ki gen kontak, li retire l oswa limite l, w ap gen opòtinite pou w resevwa menm kantite vizit yon lòt fason, ni vizit san kontak, san li pa limite a sa. Avan menm desizyon sa a definitiv, y ap ba w yon notifikasyon sou frè espesifik w ap peye a alekri epi y ap ba w posibilite pou w reyaji.

Vizit ki gen kontak ant ou menm ak tout vizitè w yo pandan peryòd vizit la se bay lanmen, kenbe timoun piti epi bo. Pou vizit san kontak yo, w ap gen pou pale avèk vizitè w la nan yon kabin.

Si yo refize w oswa refize vizitè w yo privilèj, si yo retire oswa limite yo, ou kapab pran rekou Komite Koreksyon Vil New York la. Nenpòt moun k ap fè sa dwe ekri pou enfòmè Komite Koreksyon an avèk Direktè etablisman an. Ou kapab depoze yon doleyans dabò, men si w pran rekou Komite Koreksyon an kòm premye chwa w ou pa kapab fè bak pou w depoze yon doleyans.

VOTE

1. **OU KAPAB VOTE** pandan w nan prizon sof:

- a. W ap pije aktyèlman yon pèn kondanasyon pou krim*;
- b. Aktyèlman ou an libète sou kondisyon epi ou pa t resevwa gras nan men Gouvènè New York la.

*W ap rejwenn dwa w pou w vote otomatikman lè w fin pije pèn maksimal anprizònman w oswa lè yo fin mete w an libète sou kondisyon. Si yo libere w sou kondisyon, ou kapab verifeye estati w pa telefòn nan 518-473-9400.

2. **POU W VOTE** pandan w nan prizon, ou dwe enskri pou w vote pandan peryòd yo bay la, y ap anonse l sou tout Afich nan zòn lojman w yo.

3. **ENSKRI POU VOTE:**

Yo bay Fòm Enskripsyon pou elektè pandan eleksyon primè, jeneral ak espesyal. Yo disponib tou nan bibliyotèk jiridik la. Ranpli yon fòm Enskripsyon pou Elektè.

4. Ou dwe ekri adrès rezidans ou nan fòm enskripsyon an, li pa dwe adrès yon etablisman koreksyon. Aprè w fin ranpli fòm nan, mete l nan Bwat Lèt Sòtan an oswa tounen fòm nan bay yon kowòdonatè jiridik oswa yon pèsònèl pwogram pou soumèt li. Fòm sa a pa bezwen tenm.

5. **Tout vòt nan prizon fèt pa korespondans.** Avan chak eleksyon primè ak jeneral, yo distribye demann vòt pa korespondans yo nan tout etablisman yo. Yo disponib tou nan bibliyotèk jiridik la. Ou dwe ranpli demann yo epi voye yo bay Komite Eleksyon yo avan dat limit la. Ou kapab bay yon kowòdonatè bibliyotèk jiridik oswa pèsònèl pwogram fòm sa a tou. Komite Eleksyon yo ap egzamine dosye yo epi y ap detèmine si w gen dwa pou w vote. Si w kalifye, y ap ba w yon bilten vòt pa korespondans nan etablisman an. Ou dwe ranpli bilten vòt la epi voye l tounen bay Komite Eleksyon yo **avan** dat limit la. Ou kapab bay yon kowòdonatè bibliyotèk jiridik oswa pèsònèl pwogram lan fòm sa a tou.

Yo mete pano nan zòn ki mansyone pi wo yo pou enfòmè w ki lè ap gen eleksyon epi nan ki dat ou dwe retounen fòm enskripsyon elektè yo, demann vòt pa korespondans ak bilten vòt yo.